ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕЙ ХЕКІЫНЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№98 (21.506) ● 2009 гъэм накъыгъэм (майм) и 27, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Президентым и псалъэ

КЪАНОКЪУЭ Арсен: Налшыкыр премьер-лигэм илъэс куэдкІэ хэтыну хыхьащ!

Къэбэрдей-Балькъэрым и Президент, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор Къанокъуэ Арсен жэщ-махуэм къриубыдэу сыхьэт 12 фІэзыхь и лэжьыгъэ нэхъыщхьэм къыщынэмыщІа, республикэм бэнэкІэмкІэ и федерацэмрэ спорт федерацэхэм я советымрэ я унафэщІу зэрыщытыр къэсщІа нужькІэ, абы зыхуэзгъэзэну мурад сшІащ. Къанокъуэр «Спартак-Налшык» футбол клубым мылькукІэ и щІэзгъакъуэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр абыхэм ящІыбгъужьэ, гурыІуэгъуэ республикэм я спортым и щытыкІэр а зы цІыхуэм зэрепхар.

Шахматхэр си дежкІэ нэхъ гъунэгъу пэтми (ФИДЕ-м и Гран-при зэхьэзэхуэм и еплІанэ Іыхьэр щекІуэкІым абы интервью къеІысхащ), фІы дыдэу кьызгуроІуэ «Спартак-Налшык» футбол клубым республикэм щыпсаугъэмрэ абы и унафэщІымрэ я дежкІэ пІэ мыхьэнэр. Арати, Къэбэрдей-Балькъэрым и Президентым епсэльэныр псоми яфІэхьэлэмэт Іуэхугъуэмкі кьыщІэзгъащ.

Гур къэувыІэным щынэс щыІэт

- Кавказым бэнэкІэ спорт лІэужьыгъуэр хуабжьу фІыуэ зэрыщалъагъур сощІэ. Ауэ пэжу кьызжеІэт, иджыпсту республикэм футболыр псом янэ щрагъэщэ?

- Ди «Спартак-Налшыкыр» премьер-лигэм кІуэн и пэкІэ бэнэкІэр псом янэ итт. Иджы топджэгум бжьыпэр иубыдащ. Псом хуэмыдэу абы и унафэщІу налшыкджэ Красножан Юрэ ягъэуэна нэууэ.

- «Спартак-Налшыкыр» официальнэу уи Іэмыщ1эм илъкым, ауэ уи «Синдика» холдинг компанием ар сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуегъаэ, Пэжкъэ?

- ИльэсищІэ ныкъуэрэ и пэкІэ Къэбэрдей-Балькъэрым и Президент сыхьуа иужькІэ, «Синдика» холдингыр си щхьэгъэсэн Іэщ1эсльхьащ. Уэ зэахуэщ, илъэс кьэс клубым сом мелуани 150-рэ - 200 тыдогъэкІуадэ, абы и бюджетыр зэрыгъэхагъэувам ельытауэ. Абы щыгъуэми, мы илъэсым и пэ щІондэ «Спартак-Налшыкым» мылъкуу текІуадэр, кьанэ щымыІэу, зейуэ щытар «Синдика»-рац. Мы гъэм республикэм и Правительствэм командэм и бюджетым и процент 20 - 30-р кьеутІупщ. Адрей процент 70-р «Синдика» холдинг компаниием ирет. СыэзэрыгугъэмкІэ, ар абы кьехьэльэкІыщэрыкым.

- Уэ фытольу удихьэхьпа?

- Нэхъапэм футболыр кьысфІэІуэхущэу щытакъым. Уеблэмэ, телевизоркІэ сепльыртэкым - хоккейр нэхьыфІу слъагъурт. Иджы спорт каналыр пызгъэна иужькІэ сфІэфІыпсу сопль, кьапщтэмэ, «Барселона»-мрэ «Челси»-мрэ я зэІущІэм. КьызгурыІуэу щІэздзащ ар зищІысу. «Сымджэным» и гугъу пщІымэ... ЗэІущІэм и 93 - 94 дакьикьэхэм топ кьыщытхудатэжьым и деж гур къэувыІэным, телевизорыр скъутэным щынэс щыІэщ. Ятэ ильэситІыр хуабжьу кьызэхьэпІэкІащ. Телефоным сытет: дауэ хьурэ, хэт диІэжьа, сыт судьяр щІэфаяр... Иджыпсту сынэхъ зэпІэзэрыпщ.

- Красножанрэ фэрэ дауэ фызэхущыт?

- Си кьаныр щымыІэу абы и Іэзагъым дзыхь хузощІ икІи футбол Іуэхум сыхьІэбэну кьезгъэзэгъыркьым. Зэи кьэхьуакьым сэ абы мор кьэщтэн хуейщ е ар хьунукьым щыжеСІа. ПсэкІэ зыхьзощІэ, ауэ Юрэ згъэпІейтейркым. Езым зэхэрегъэкІ. Сыту жыпІэмэ, угужьеиРэ уха́льадэмэ, зэран ухьуну фІэкІа сэбэпынагъ льэпкъ кьэпхьнукъым. Хьэлэмэтракъэ: командэр «Іыхьэ-Іыхьэу» щыІэзэгъуэм, Іэщ1эдзэр нэхъыфІу иралъжьэрт. Иджыпсту нэхъыфІу гупыр кьызэдгъэпэщащи, я щІэдзэкІэр дыІэзыхуейм хуэдэкъым. Абы щыгъэми фІдэу си фІэщ мэхьу: зэ-тІэу дытекІуэмэ, Іуэхур тэмэм хьужьнущ. Командэр зэкъуоувэ, абы хэтхэр зэгуроІуэ.

- Сощ1эж, 2006 гъэм Налшык и «Спартак»-м чемпионатым и пэщІэдзэм апхуэдизу лъэщу зричати, джэгуГъуэ 12-я я ужькІэ бжьыпэр зэхьэзэхуэм щиубыдат...

- Дащіыхьхьам дэ зыми дыкъэридзащэртэхьам икІи хьэрхуэрэгъуэхэм фІыуэ дахэуащ. ИтІанэ, псоми дызищІыскІэ кьагурыІуа иужькІэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, екъуІэІэныгъэхэм пытщэфакъым.

- Футболыр - ар джэгу къудейкъым. Ар икІи политикэ инщ. Псом хуэмыдэу Кавказым. Уарэзы абыкІэ?

- ТІэкІу, сыкъэрэзыщ. «Мылъку тхуэхэфхи, премьер-лигэм щыдыджэгунущ», кьыщыщжаІам, жэуап есташ: «Абы гугъуехь льэпкъ хэлькым». Мылъку яхуэхэтхри, джэгун щІадзащ. Сэ кьэслъэгъуащ топджэгум дихьэххэм ар зэрызысхащІэр икІи кьызгурыІуащ: футболыншэу аэзр кьэбгъанэ хьунукъым. Дэ тщІэркъым футбол щымыламэ, кьэхьунур. Стадионхэм щыхуэхэр зэрыщІэзэрыгъэжІир, зэрыщІэзэрызэхэр уэрамым къыдыхьэжкІэ хьунт, хэт ищІэн? Иджыпсту кьызгуроІуэ: республикэм унафэ хуэсщІыху, сльэкІ кьэзгъанэ хьунукъым «Спартак-Налшыкыр» премьер-лигэм щыджэгуп папщІэ. Мылъкэншхуэ иІэкъым сыт хуэдэ увыпІэ абы щиубыдми. Сыт щыгъуи абы дыхэтын папщІэ, мылькукІи ІэмалкІи сыпІэльэщыну си гугъэш. Дэ адэ-мыдэкІэ зыддзыркъым, командэр щІэрыщІу кьызэдгъэпэщауэ аращ. Нэхъапэм, 2005 гъэм и пэкІэ, премьер-лигэм зэи дыхэтакъым. КьызэрысльытэмкІэ, а Іуэхум пэжу делэжьмэ, псори тэмэм хьунущ. Псом хуэмыдэу иджыпсту, адрейхэр гугъуехь щыхэт зэпхьэнэм, ди бюджетыр доллар мелуан 12 - 13-у щытащи, иджыри абы дытетщ.

- Фи командэр премьер-лигэм щыпхьэ, кьыпеІысу дыдэу зэрыжаІэр пэж?

- Дэ апхуэдэхэм дедауэркъым. Зэрыхуейуэ ирегупсысэ. Хуей хьумэ, мыльку нэмысЫэхэм хуэхэтхьафынуц, ауэ абы дыхуеІуэ кьэсльытэркъым. Я Іэзагърэ я кьаруэрэ кьыззэрихьКІэ щІалэхэр иреджэгу, ирепыкІуэкъуи нэхъыфІщ. Йку дитмэ - хьарзынэщ. Ауэ ищхьэмкІэ дыкьыщцыхтэну Іэмал кьытхуэкъуэкІмэ, зыхуэныкъуэну мылькур псынщІэ дыдэу хуэхэтхынущ.

- Премьер-лигэм фыкьыхагъэкІыжьынкІэ фышынэркъэ?

- СызэригугъэмкІэ, дэ премьер-лигэм илъэс куэдкІэ дыщыдзэгугъущ. Сэ унафэщІу сыщытыхуІэ, дыкьыхагъэкІми, занщІэу дгъэзэжынущ. Сыту жыпІэмэ, Краснодарэ сэрэ драгъуэсуэ «Спартак-Налшыкым» и Іуэхур адрейхэм я хьэрэ нэхъ Іенчуэкъым. Дэ диІэжьым клубым щІэгъэкъуэн хуэхъуфын щІыдагъэ, газ компаниеэр, ауэ ахэр хэмытуи Іуэхум дыпэлъэщынщ. Сыту жыІи, «Спартак-Налшыкым» и бюджетыр мащІэми, хьарзынэу зыкьеГъэлъагъуэ. Ар кьызыхэкІыр, сэ кьызэрысщыхьумкІэ, Красноярскым зи пашэ тренерыфІ гуп диІэщи аращ.

- Топджэгум укІуэрэ?

- Налшык сыщыІэу ди щІалэхэр унэм щыджэгуэ е Мэзкуу командировкэ сыщыкІуа лъэхъэнэм «Спартак-Налшыкым» кьалащхьэм зыкьыщигъэльагъуэмэ, ахэр зыхэт зэІущІэр зэрыблэзымыгъэкІыным сыхуІукІуэ.

- Ди газетым хуабжьу игъэкъуэншащ фи командэмрэ Мэзкуу и «Спартак»-мрэ щызэдзэжгуэ кьыфІадза баннерыр, зи Іэдакъэщ1экІэхэр. Ауэ футболымкІэ кьудамэм сэ кьыщыІэжащ1ащ кьалащхьэм икІа клубхэм дэщІхэр Налшык щыкІуам и деж зэрыхьэзэрийхэр нэхъапэм щІэх-щІэхьыгъэ кьэхьуауэ. Абы щыгъуэ?

- Фанатхэм ткІийуэ дадолажьэ. Кьыщыхьам щегъэжьауэ кІуэжьыхукІэ Къэрал кІуэщІ Іуэхуэсмэ зи министерствэр абыхэм зэкІэльэпІэ. АрщхьэкІэ топджэгум дихьэххэр кьалэн щыІэзэгъкІмэ, кафехэм е нэгъуэщІ щІыпІэхэм щефэрэ щІыкІейуэ. Ауэ футболымкІэ кьыщІащ1ахэр жалэ хьумэ, дэри щхьэпэщтырхэр ди мащІэкъым. Хьыдджэбэ зэпаубыдыу щІалэщІэхэр зэрэзэрэфынущ, дэри щІалэу дыщытащи, ар кьызэрэгъэзэрэ дощІэ. Ауэ зыгуэрхэр уэрамым кьыщагъэувыІэрэ фІэгъэнапІэ кьалъыхьэуэу - апхуэдэ щыІэкъым. Льэныкьуэ гуэрым сыд хущыІуэ е сыкьыщхьэщыкьыну, псори фІы дыдэу жысІэну зыгъгъэхьэзыркъым. Ауэ Мэзкуу кьыщыдзкІ газет гуэрым зэрыртхам хуэдэу: «Налшык кІуэрэ, псэууэ кьэгъэзэжьынэ», - апхуэдэ щынагъуэ щыІэкъым. Пэжщ, кьэхуауэ: зэІущІэ нэужькым футболистхэр зэрыс автобусыр кьыщІэуІэкІыжьмэ сбийхэм абы мывэхэр ираутІыпщащ. Апхуэдэхэм тезыр ятетлъхьащ икІи ятыдолъхьэ, ар кьэмыхьэн папщІэ лэжьынхьэхэри зэфыдогъэнІ. Дтэхэм я Іуэхуэ зэмэ топджэгум щыдихьэхэм акьыльнышэу, щІыкІейхэу, жамыІапхъэ кІажьэдзкІэхэу процентри 2 - я зэхэщІ. Ауэ ар мардэкъым. ЗэрыщІэ? Іуэхуэ дтэхэм ри ехьулІ ину зэригуапэр кьыхигъэщащ.

- 2007 - 2011 гъэхэм республикэм и экономикэм зезыгъэужьыну ЇэщІагъэлІэр гъэхъэзырынымкІэ КЪР-м и Президентым и программэм хохьэ хамэ кьэралхэм я щІэныгъэм щыхагъэхьэхэм я щІэныгъэм щыхагъэхьэныр, кризисым пэщІэвэфын арбитражнэ унафэщІэр, хьэрычтыщІэ Іуэху щІыкІумрэ курытымрэ зезыгъэужьынхэр гъэхъэзырыныр, - жиІащЕфонды Ритэ. - Иужьрей унэтІыныгъэм хуеджакэрщІ нобэ кьедгъэлъагъар. Ахэр щыхъу Іэ мэхъу, дтхэнэри я зэфІэкІэ программэмкІэ я щІэныгъэм, кьэгъэлъытэрэ кьыхэтхащ. Программэр зэрылажьэ ильэситІым кьриубыдэу ди хьэрычтыщІэ Іуэху щІыкІумрэ курытымрэ зезыгъэужьыну ІэщІагъэлІ 2000-м нэбгырабэ дгъэхъэзыращ.

- Щ1эныгъэрэ зыхуэдэр кьэтлъытэрэ кьыхэтхащ. Программэр зэрылажьэ ильэситІым кьриубыдэу ди хьэрычтыщІэ Іуэху щІыкІумрэ курытымрэ зезыгъэужьыну ІэщІагъэлІ 2000-м нэбгырабэ дгъэхъэзыращ.

Апхуэдэу абы и гугъу ищІащ хамэ кьэралхэм я еджапІэ нэхъыщхьэхэм ягъэкІуэнухэр кьыхьІапІэ кьБР-м и экономикэм папщІэ Іэщ1агъэлІэхэр гъэхъэзырыным теухуауэ иджыблагъэ инджылызыбзэмкІэ экзамен зэрыригъэтащ. «Нэхъыщхьэращи, - жиІащЕфэндэ Ритэ, - зи щІэныгъэм, зэфІэкІым хэзыгъэхъэуну хуейхэм мы Іуэхум езыхэм я мылъку трагъэкІуадэркъым, ар ресурс къыщІэкІ щІэныгъэм и кьудамэм и унафэщІ кьыльэпкъфІ завод» ФГУП-р, «Эльбрус-Агро-Инвест», «Шэрэдж-1» ООО-хэр, «Степной племрепродуктор» ОАО-р хэтынущ накьыгъэм и 26-м кьыщыщІэдзауэ и 30 щІондэ Ставрополь краим щыхэ Ипатовэ щалъэм щрагъэкІуэжьыну мэл льэпкъыфІхэм я XI Урысейпсо гъэльэгъэныгъэм.

Ди республикэм и Лыкіуэхэр апхуэдэ ахэращ. Ди щхьэхуэм иджы ебгъуанэрэ макІуэ икІи медаль зэмылІэужьыгъуэхэр щымычыу, зэи кьагъэзэжакьым.

Эксперт комиссэм псэущхьэхэр зыщыхуэгъэ кьилытэнущ, текІуахэр игъэбелджылынущ. Апхуэдэу гъэльэгъуэныгъэм и программэм хьихьу, мэл гъэхъуным зегъэужьыным теухуа Іуэхугъуэхэм щытепсэльыхьыну щІэныгъэ-практикэ конференцрэ зэІуцІэрэ ирагъэкІуэкІынущ.

Иджы япэу щІыналъэ кьэс я унагъуэ хозяйствэхэм, художественнэ гупхэм я еплъныгъэхэр кьыззэрагъэпэщынущ, мэльыным кьыхэщІыкІа льэпкъ шхыныгъуэ нэхъыфІхэм я зэпеуэ кьыхалъхьэнущ.

Къэбэрдей-Балькъэрым и делегацэм и унафэщІ республикэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскьыпхьэхэмкІэ и министр Ерчэн Темболэт.

САМЧЕНКЭ Светланэ,
КЪР-м Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскьыпхьэхэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

● Дыгъуасэ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *триХащ.*

ЦІыху 35-м я Іэщ1агъэм хагъэхъуэ

Налшык дэт Бизнес-инкубаторым и уигъэм дыгъуасэ сертификатхэр щратыжащ информационнэ технологиемкІэ АЙ ТИ институтым зи Іэщ1агъэм щыхэзыгъэхьуахэм.

ЛЭЖЬАКІУЭХЭР ирагъэджащ республикэм и Президентым и программэм, 2007 - 2011 гъэхэм республикэм и экономикэм зезыгъэужьыну ЇэщІагъэлІэхэр гъэхъэзырыным теухуам, ипкъ иткІэ. «Хьэрычтыщ1э Іуэхухэм щІэуэ кьыкІыхьхэр» программэмкІэ я щІэныгъэм, Іэзагъэм хагъэхъуащ республикэм курыт Іэщ1агъэ, щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрат и еджапІэм я студентхэу, ахэр кьэзыуха нЫбжьыщІэхэу, хьэрычтыщІэхэм.

КЪР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщІ **Ефэндэ Ритэ** зэІущІэр кьыщыдзэІуихым кьызэхуэсахэм ехьэжьыщ. Хьэрычтыщ1эхэм я урысейпсо махуэмкІэ икІи зыхурагъэдза Іуэхум дтхэнэри ехьулІ ину зэригуапэр кьыхигъэщащ.

- 2007 - 2011 гъэхэм республикэм и экономикэм зезыгъэужьыну ЇэщІагъэлІэхэр гъэхъэзырынымкІэ КЪР-м и Президентым и программэм хохьэ хамэ кьэралхэм я еджапІэ нэхъыщхьэхэм я щІэныгъэм щыхагъэхьэныр, кризисым пэщІэвэфын арбитражнэ унафэщІэр, хьэрычтыщІэ Іуэху щІыкІумрэ курытымрэ зезыгъэужьынхэр гъэхъэзырыныр, - жиІащЕфэндэ Ритэ. - Иужьрей унэтІыныгъэм хуеджакэрщІ нобэ кьедгъэлъагъар. Ахэр щыхъу Іэ мэхъу, дтхэнэри я зэфІэкІэр программэмкІэ я щІэныгъэм щыхагъэхьэныр, кризисым пэщІэвэфын арбитражнэ унафэщІэр, хьэрычтыщІэ Іуэху щІыкІумрэ курытымрэ зезыгъэужьынхэр гъэхъэзырыныр, - жиІащ

«Налогхэр нэхъ къызэрыгуэкIыу зэрытралъхьэ щIыкIэр къыщагъэсэбэпым деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щагъэуви налог ставкэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и Iэхэуки Iэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

1. «Налогхэр нэхъ къызэрыгуэкIыу зэрытралъхьэ щIыкIэр къыщагъэсэбэпым деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щагъэуви налог ставкэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэзыгъэнэ.

2. Мы Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж егъэхьын Iэ щIидзын икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2009 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м
№52-П-П

Налогхэр нэхъ къызэрыгуэкIыу зэрытралъхьэ щIыкIэр къыщагъэсэбэпым деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щагъэуви налог ставкэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщытащ
2009 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м

1 статья. Мы Законым зэблигъэкI Iуэхухэр

Урысей Федерацэм и налог кодексым тету мы Законым еубзыху налогхэр нэхъ къызэрыгуэкIыу зэрытралъхьэ щIыкIэр къыщагъэсэбэпым деж, хэщI псори зыхэлъ зэхъуэхэм зэхуэсу налогхэр щытралъхьэкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щагъэуви налог ставкэр.

2 статья Налог ставкэр

Хэщ1 псори зыхэкIа хэхъуэхэм ятехуэу налогхэр къыщащтэм деж налог зыт псоми папщIэ налог ставкэр проценти 10 хъууэ ягъэув.

3 статья. Мы Законым къару щигъуэтыр.

Мы Законым къару егъуэт официальнэу къыщыдгъэзэ махуэм щегъэжьауэ икIи абы и къарур ятохуэ 2009 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щыщIэдзауэ зэтеуба хабзэ зэхущытыкIэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм накъыгъэм и 18-м
№22-РЗ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и Iэхэукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIэ**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэзытэн.

2. Мы Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж егъэхьын Iэ щIидзын икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2009 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м
№58-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщытащ
2009 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексу 2003 гъэм бадзэуэгъэм и 22-м №66-РЗ-м щIэту къыщытам мы кIыхIэлъыкIэу зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

1.Iыхьэ 5-м дэщIыгъуэкIым мы кIыхIэлъыкIэм хуэдэу зэрыт 5.6-1 статья:

«5.6-1 статья. ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм Законым тету иригъэкIуэкI лэжьыгъэм зэран хуэхъуныр

1. ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщту унафэр зыхуейм кIэ яIэн зэрыкъуэхьэн папщIэ -

къулыкъу зыбыгъ цIыхухэм административнэ къуэдыуэ сом миным щыщIэдзауэ сом миным нэс къралыбгъэ хуэхъуныр

1. ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и лэжьыгъэм зэрыкъуэхьэн папщIэ -

къулыкъу зыбыгъ цIыхухэм административнэ къуэдыуэ сом миним щыщIэдзауэ сом миним нэс тралъхьэ.».

2. Iыхьэ 1-м и 8.2 статьям:

1) пункт 1-м хэт «5.5,» бжыгъэхэм къаклIэлыкIуэу «5.6-1,» бжыгъэхэр дэщIыгъуэкIи;

2) пункт 4-м хэт «статьяхэмкIэ» псалъэм дэщIыгъуэкIи «3.1,» бжыгъэхэр;

3) пункт 9-м къару имыIэжу къэлъытэн;

4) пункт 11-м хэт «е организацэхэм» псалъэхэр хэгъэкIын;

5) пункт 12-м хэт «районым, республикэ унафэм щIэт къалэм» псалъэхэр хэгъэкIын;

6) пункт 16-м хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и сэбэп зыхэлъхэр къызэпызыуд къуаншагъэхэм ехьэлIауэ мы Кодексым и 5.49, 5-1.1-5-1.15 статьяхэм» псалъэхэр зэхъуэкIын «мы Кодексым и 5.49 статьякIэ» жиIэу;

7) пунктхэу 17-мрэ 18-мрэ къару ямыIэжу къэлъытэн;

8) пункт 19 дэщIыгъуэкIым мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу ягъ:

«19) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ норматив-хабзэ актхэм я регистрацэ щтхэнуи полномочиехэр зыбгъэдэль республикэ къэрал органым къулыкъу щызыIыгъ цIыхухэм – мы Кодексым и 5.50, 5.51 статьяхэм къыщыгъэлъэгъуа административнэ къуаншагъэхэм тету.».

4. 8.3 статьям и Iыхьэ 1-м и пункт 1-м хэт «5-1.1-5-1.15» бжыгъэхэр хэгъэкIын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм накъыгъэм и 19-м
№23-РЗ

Хабзэм къемызэгъыу яхъумэ Iэщэр, щхэр, кьагъауэ пкьыгъуэхэр, лагьымхэр, адрей Iэщэ-фащэр хэгъэзыхь щымыIэу щыхъуэм пщIэкIэ кьеЖьхьыным теухуа «Iэщэ» лжьыгъэр егъэжIуэкIыным и Iуэхуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм гъатхэпэм и 26-м *№63-ІІІ*

«2008 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр къыщыдзэпауд къыщымыгъэхьуным теухуа профилактикэ лэжьыгъэр» республикэ программэ хэхауэ 2008 гъэм щыкIуа гъэм и 12-м кьыдэкIа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-мкIэ Iэщэ-фащэ хэгъэзыхь щымыIэу щыхъуэм щIэкIэ кьеЖьхьыным теухуа «Iэщэ» лжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм хухихыну:

1. Хабзэм къемызэгъыу яхъумэ Iэщэр, щхэр, кьагъауэ пкьыгъуэхэр, лагьымхэр, адрей Iэщэ-фащэр хэгъэзыхь щымыIэу кьэзытахэр уголовнэ жуэйпим ирашэлIэн хуэмейуэ законодательствэм щыIэзыщыгъэлъэгъуар, апхуэдэу мы Iуэхум хэтхэр хэIущIыIу эрамещIыр хэхауэ кьыхэгъэщыну;

хабзэм кьемызэгъыу яхъумэ Iэщэр, щхэр, кьагъауэ пкьыгъуэхэр, лагьымхэр, адрей Iэщэ-фащэр щIыхъуэм кьеЕьхьныр хэIущIыIу ямыщIу кьызэрагъэпэщыну, апхуэдэ щIыхъуэм уголовнэ жуэйпир ящхьэщхьыныр законодательствэм тIыпIэу тету зэфIагъэкIыну, ягъэува уасхэм тету ахьыпр зыхуэфащэхэм иратыну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкlэ и министерствэм (Быщэн А. А.) хуэгъэувыну:

хабзэм къемызэгъыу яхъумэ Iэщэр, щхэр, кьагъауэ пкьыгъуэхэр, лагьымхэр, адрей Iэщэ-фащэр хэгъэзыхь щымыIэу кьызыIах цIыхухэм ираты ахьшэм и хэкIыпIэу 2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и «Iэщэ» щынагъэныщхьагъэмрэ хабзэхьэмэ лжьыгъэмрэ» разделым и «къарал кIуэцI Iуэхухэмкlэ органхэр» раздел къуэдзэр кьищтэну;

хабзэм къемызэгъыу яхъумэ Iэщэр, щхэр, кьагъауэ пкьыгъуэхэр, лагьымхэр, адрей Iэщэ-фащэр хэгъэзыхь щымыIэу кьызыIаха цIыхухэм яритын папщIэ зыхуеину ахьшэр Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм хухихыну;

хабзэм къемызэгъыу яхъумэ Iэщэр, щхэр, кьагъауэ пкьыгъуэхэр, лагьымхэр, адрей Iэщэ-фащэр хэгъэзыхь щымыIэу кьызыIаха цIыхухэм яритын папщIэ зыхуеину ахьшэр Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм хухихыну;

6. Мы Унафэр гъэзэщIа зэрыхъуэм кIэтыпIыпIыну и пщэ ильхьэн кIэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ Томчак Ю.И.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащIэ ТХЬЭЭЗЕЛЪЫЖМурат

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм гъатхэпэм и 26-м кьыдигъэкIа Унафэ №63-ІІІ-мкIэ къыщитащ

Хабзэм къемызэгъыу яхъумэ Iэщэр, щхэр, кьагъауэ пкьыгъуэхэр, лагьымхэр, адрей Iэщэ-фащэр зэратам пэкIуэ ахьшэр зыхуэдизыр

№	Iэщэм, щхэм, кьагъауэ пкьыгъуэхэм зередэжр	Ахьшэу пэкIуэр(сом)
1.	Пистолетымрэ кIорахьуэмрэ	4000
2.	Автоматым	4800
3.	Пулеметым	5600
4.	Фочым щIагъэувэ ГП-25, ГП-30 гранатыдзхэм	6400
5.	РПГ-7, 7В, 27 гранатыдзхэм	8000
6.	Зэ гъэуэгъуэу кьагъэсэбэп РПГ-18, 22, 26, 27 гранатыдзхэм	7200
7.	СВД фочым	5600
8.	Пистолетым-кIорахьуэм	4800
9.	ЩакIуэ карабиным	4000
10.	ЩакIуэ фочым	2400
11.	Газ пистолетхэмрэ кIорахьуэхэмрэ	800
12	Пистолет, кIорахьуэ Iэрыщ1хэм	4000
13.	Кьагъауэ пкьыгъуэхэм (ротилым, аммунитым, гексогеным, нэгъэщIэхми) зы граммым хуэзэу	3
14.	Лагьымым (ВВ, СВ кьэгъэуапIэхэр зиIэхэри хэту)	2400
15.	Кьызэрагъауэ Iэмэпсымэхэм (электродетонаторым, кьызэрагъауэ капсюлым -зым хуэзэу, мафIэ, электричествэ зрикIуэ кIапсэхэм - зы метрым хуэзэу)	80
16.	Танк зэракъутэ, тегъэпсапIэ зиIэ ракетэм	4000
17.	МафIэ зыдэ РПО-А Iэщэм	4800
18.	Гранатыдзым (ВОГ-30, 25, 25П) и щэм	2400
19.	Гранатэм (Ф-1, РГО, РКГ, РГК-3ЕМ, РГ-42)	1600
20.	Инженер лагьымым (сапер лагьымым)	800
21.	Фочу кIорахьуэ зэмылIэужьыгъуэхэм иралъхьэ щхэм - зыш хуэзэу	8

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узышнагъэр хъумэныжьмкIэ и министерствэм и коллегием зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм накъыгъэм и 19-м *№129-ІІІ*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щIэ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узышнагъэр хъумэныжьмкIэ и министерствэм и коллегием, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узышнагъэр хъумэныжьмкIэ и министерствэм и коллегием и Iуэхуэгъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм дыгъэгъазэм и 14-м кьыдигъэкIа Унафэ №332-м ипкъ иткIэ кьащтам, мыпхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) коллегием мыхэр зэгъэхьэн:

Белецкая О. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкIэ и министрым и кьуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм социально-экономикэ зыужьныгъэхэмкIэ и департаментым и унафэщIэр

Жанатаев С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмрэ узышнагъэр хъумэныжьмкIэ и комитетым и унафэщIэр (згъэрыIуауэ)

Калабеков А. М.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрым и кьуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФинансхэмкIэ и министерствэм бюджетыр гъэзэщIэныжьмкIэ и департаментым и унафэщIэр

Каркмазов Л. Х. - Шэрэдж муниципальнэ куейм узышнагъэр хъумэныжьмкIэ и «Куей сымаджэщ» муниципальнэ Iуэхуэщ1апIэу Къэщ1хэтау кьуажэм дэтым и дохутыр ирихьыщхьэ

Удалов О. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узышнагъэр хъумэныжьмкIэ и министрым и кьуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узышнагъэр хъумэныжьмкIэ и министерствэм лицензэмрэ кIэпыщIылъкIуэ-аналитикэ Iуэхуэмкlэ и департаментым и унафэщIэр;

б) **Хъэщыкъуэ К. Хъ.** и кьулыкъущIэм зэредэжр кьэгъэльэгъуэн - щхэуакIуэхэм я хуитыныгъэхэмрэ щIыхуэм я зэIуэпэщ псэукIэмрэ кьыщыгъэзэпэщIи кIэпыщIылъ Федеральнэ Iуэхущ1апIэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ управленэм и унафэщI;

в) коллегием кьыхэхъыжьи Тузоевэ З. А., Гунжафlэ М. Л., Иванов И. В., Къуэныкъуэй А. С., Канунников В. А.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ЯРИН Андрей

Фlыщlэ худощI

●Дэ къытхуатх

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсенрэ Налшык къалэм и администрацэм и Iэтащхьэ Зальмыдзэрийрэ дигуми ди псэми кьабгъэдэкIыу фlыщlэ ихуэтщIыну дых уейт, Долинск и Насос станц уэрамыр уэздыгъэкIэ кьыхэгъэпэща зэрыхъуам папщIэ. Ильэси 10-м нэблэгъащ а уэрамыр зэрыкIыфlрэ. КъБР-м и Президентым и сайтым абы теухуауэ письмо ттха нэужь, пIалъэ кIэщIым кьурибыдзэу жыгъэр зэрыщIэщIащ, уэздыгъэ пкьохэр хасэри, электрокъару кIапсэхэри яIэщIащ. Кьалэм и планэпэ дызытепсэльыхьым ящыщ ильэсыкIэ зиIэ уэкащ, ефIэкIуащ икIи, нэхъыщхьэращи, а куейм щыпсэуХэм я деж1э жэщым нэхъ щынагъуэщIэщ.

Налшык и Долинск куейм щыIэ Насос станцым и уэрамым щыпсэуэу Овраровэ Л., Султановэ Н., Жидовкэ Н., Гет1уевэ З., Чубенкэ В., Лысь Т., Пятковский В., Гельмуевэ Л. (псори эхэ1у цIыху 29-м Iэ щIадзащ).

● ЗэIущIэжэр

Коррупцэм ебэныныр къалэн нэхъыщхьэщ

КъБР-м и прокуратурэм щекIуэкIа пресс-конференцым дызэрыт нIуэсым и мазилIым и гъэкIуэгъэм кьрикIуаэм щытепсэтыхьащ.

КъЭРАI кIуэцI Iуэхухэмкlэ органхэм, наркоIуэхущIапIэм, су д приставхэмрэ уголовнэ-гъащIэкIуэ Iэнатlэмрэ я процессуальнэ лжьыгъэм кIэлъыплъныпмкIэ кьудамэм и унафэщI**Мэсей Аскэр** зэрыжиIамкIэ, 2009 гъэр кьыхэзрихьэрэ щIэпхъаджагъэу ялжьыгъэ процентри 6,6-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ, бжыгъэкIэ кьзбгъэльагъэмэ 3080-рэ. Ар нэхъ щехуэхащ Налшык, Прохладнэ, Бахьсан кьалэхэм, Прохладнэ, Тэрч, Iуащхьэмахуэ, Шэджэм куейхэм. ЩIэпхъаджагъэ нэхъыбэ щалэжьащ Iэсэхэм (процент 79,1-кIэ), Шэрэдж (процент 66,2-кIэ) районхэм.

Нэхъапэм ялэжьа щIэпхъаджагъэ 219-рэ мазилIым кьриубыдзу учетым ягъэувыжащ. Абыхэм яцIыщу 146-м ехьэлIа уголовнэ Iуэху кьаIэтын ямыдзу хабзэр кьызэпауду ирагъэгъэзат, 18-м Iуэхусыхафэ тхыльэ кьататэкIым. ЩIэпхъаджагъэу ялэжьым и нэхъыбэр нэгъэщIым и мыльку зыIэрыгъэхьэным пыщIащ.

ЦIыху укIыным, апхуэдэ жрагъкIэ жэуным пыщIахэр нэхъ мащIэ хъуащ, арщхьакIэ узышнагъэм зэран хуэхъуну ящIэу ялэжьхэм хжъуащ.

Мэсей Аскэр кьытеувыIащ яхьунщIэм мурадкIэ цIыхухэм ятеуэным ехьэлIа щытыкIэм. Мазилlым апхуэдэ щIэпхъаджагъэу 48-рэ ялэжьащ, нэгъабэ и апхуэдэ гъэхъэнэм елытагъэ ар хуэдитIкIэ нэхъыбэщ. Абыхэм ящIыщу зыбжанэм Iащэ яIыгъыу ятеуащ. Налшык, Бахьсан, Анзорей щыIэрахьа апхуэдэ щIэпхъаджагъэхэм жылагъэр игъэпейтеящ.

Зи гугъу тщIа хабзэншагъэхэр ялэжьыныр кьыхэзыпудыным, аехэр кьыщIэгъэщынымрэ зэкъгъэкIынымкIэ щытыкIэм арэзы зэрытемыхьэм кьыхэжьIу абы ехьэлIа кьэтхьухьэныгъэ, следствэ гъжьыгъэхэм ренрыбжьэ ящIэ. Ар нэгъуэца уголовнэ Iуэхухэм япкъ иткIэ сом 87460-рэ ирагъэпшынажащ.

Наркотикхэр хабзэм кьемызэгъыу зэзыгъэкIуэкIхэм ехьэлIа щIэпхъаджагъэу процент 16,4-кIэ нэхъыбэ кьыщIагъэщащ.

Процент 16-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ балигъ мыхъуахэм, ахэр хэту зэрахьэ хабзэншагъэм. Уэрамхэм, цIыху зэкуэсыпIэхэм щалэжь щIэпхъаджагъэм хэхъуащ икIи 293-м нэсащ, нэгъабэ ар зэрыхъуу щытар 176-рэщ.

Кьапщытэкъ мазилIым хабзэр кьызэпаудауэ 1730-рэ кьыщIагъэщащ. ЩIэпхъаджагъэхэр зыIэлъжьу цIыху 1886-рэ кьахуташ. Абыхэм ящыщу 114-р уголовнэ Iэууапым ирашэлIащ, Хьыбарынпэу кIуэда цIыху 97-рэ кьагъэуэтыжащ.

Республикэ прокуратурэм коррупцэм ебэныныкIэ хабзэр зэрагъэзащIэм кIэтыплъ и къудамэмкIэ и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Текlушэ Рустам** и псалъэмакъым кьызэрыхигъащIащ, блэкIа мазилIым коррупцэм ехьэлIа щIэпхъаджагъэхэм теухуауэ хьыбари 106-рэ кьаIэрыхьащ, уголовнэ Iуэ ху 56-рэ кьаIэтащ. Нэгъабэ и апхуэдэ гъэхъэнэм ар зэрыхъуу щытар 17-щ. Зы уголовнэ Iуэху сдым ягъэхьащ. 13-м иджыри ионъэж.

КьаIэта уголовнэ Iуэхуэхэм ящыщу 10-р Iутлъхьэ тын-кьеIыхьным пыщIащ. Iутлъхьэ кьеIыхьахэм яхэтщ Iуэхуэхэм зэрыщIэзыгъэ пIыпыру 2, суд приставхэм я Iуэхущ1апIэмрэ налог Iэнатlэмрэ я лэжьакIуэ зырыз, КъБРкъУм и зы егъэджакIуэ.

ТекIуашэм адэкIэ зэрыжиIамкIэ, а бжыгъэхэм кьагъэтIагъуэркьым ипэжьыпIэкIэ коррупцэм пыщIа щIэпхъаджагъэр зыхуэдизыр, ар нэхъыбэ мэхъу. Апхуэдэуи кьыхигъэщащ Iуэхуфэ тын-кьеIыхьным теухуауэ хабзэр кьыщIэзыдыр кьыщIэзыщыныр зи кьалэн зэрагъэкIуэр зэрагъэзащIэм арэзы зэрытемыхьэм зэрагъэзащIэ. Абыхэм япсэукIэ Iуэхуэгъэр зэрыщIэзыгъэ.

Пресс-конференцым хэтхэм зэрыжаIащи, сыт хуэдэ щIэпхъаджагъэри кьызэпыудыным, щытыкIэр ельэфIэкIуэным хабзэхуэмэ псори зэгъэуфуэу щызэдзэлъэхьэн хуейщ.

КьэпщытакIуэ органэм хабзэр кьызэпемыгъэудыным, апхуэдэ кьэхъу хъужьыкIуэмэ, псынщIэу кьызэрагъэувыIэн папщIэ республикэ прокуратурэм «телефон пIцтыр линэ» кьыщIэзэIуахащ - 40-45-56.

ЭЭРДОКЪУЭ Женя.

Ипщэ щIыналъэм и лIыкIуэхэр хэту

Урысей Федерацэм Iэпхъуэшапхъэ Iуэхухэмкlэ и Федеральнэ къулыкъум и щIыналъэ Iуэхущ1апIэхэу Ипщэ щIыналъэм щыIэм и унафэщIхэр зыхэта зэIущIэ

Налшык дэт «Синдика» хъэщIэщым махуитIкIэ щекIуэкIащ.

ЗэIУЩIэМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ кьуэдзэ **Тхьэзэплъыж Мурат.**

Ипщэ щIыналъэм щыIэ Урысей ФМС-м и управленэхэр зыхуэфащэ къэрал властхэм, апхуэдэуи жылагъэр зэгухэзныгъэхэм мы зэманым зэрадзэлажьэр егъэфIэкIуэн папщIэ зэфIэкIыпхъэхэм ятепсэлъыхьащ кьызэхуэсахэр.

Пресс-конференцэ кIэщIым езыгъэкIуэкIа, Урысей ФМС-м и унафэщым и кьуэдзэ милициэм и полковник Бурлк Юрий ди республикэм Iэпхъэшапхъуэ Iуэхухэмкlэ щыIэ управленэм и лэжьыгъэр мыйейуэ кьиIыпытащ. ЦIыхухэм паспортхэр ятыным пыщIа гугъуехьхэри гуп гуп зэрагъэнэкIащ.

УФ-м и ФМС-м и Управленэу Ростов областым щыIэм и унафэщI, Ипщэ щIыналъэм и Iэпхъуэшапхъуэ Iуэхущ1апIэм я лэжьыгъэр зезыгъэжьуэ Солодовников Виктор зэрыжиIамкIэ, хамэ къэрал цIыхухэу УФ-м и субъектхэм щылэжьэнымкIэ хуитыныгъэ зратахэм я бжыгъэр процент 12-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ, адэжи я бжыгъэр ехьнущ. Абы кьыхигъэщащ Сочэ щекIуэкI олимп ухэныгъэхэм хамэ къэрал цIыхуу кьэрашалIэхэр, зэрыжаIэм хуэдэу, егъэлеиуэ куэду зэрыщымытыр. Уеблэмэ, Урысей Правительствэм щIыхуэр лэжьыгъэкIэ кьызэзыгъэпэщхэм кьаIэн ящищащ а ухуэныгъэхэм нэхъыбэу урысей Iэщ1ыгъэлIэр, псом япэу ЮФО-м щыщIэр, кьыщагъэсэбэпыну.

ДЫГУЛIБГЪУ Жантинэ.

●КъБР-м и Парламентым

Зытепсэлъыхьыну Iуэхухэр ягъэбелджылы

Накъыгъэм и 28-м ирагъэкIуэкIыну зи чэзу зэIущIэм КъБР-м и Парламентым и депутатхэр Iуэхугъуэ тIощIым щIигъуэм щыхэпльэнущ.

А МАХУЭМ муниципальнэ щIыналъэхэм я гъунапкъэхэр зэхъуэкIыным ехьэлIа законхэр кьыдэгъэкIынымкIэ кьыхахьа жэрдэмхэм эплъэн папщIэ кьызэрагъэпэщ зэгурыIэныгъэ комиссэм хэтхэр кьащтэну, Телерадиовещанэмкlэ федеральнэ зэпеуэ комиссэм КъБР-м и Парламентым и лIыкIуэу хэтынур хахыну я мурадщ.

Парламентархэр хэпльэнущ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм сабийм щиIэ хуитыныгъэхэр кьызэрэпэщынымкIэ щэсыпIэжм я теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и кьэрал мылькум хиубыдэ объектхэр муниципальнэ мылькум зэрыхагъэхьэ, муниципальнэ мылькум хиубыдэ объектхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и кьэрал мылькум зэрыхагъэхьэ щыкIэм теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ кьулыкъум теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуэ», «ГъэджэнымкIэ теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Зак оным зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыщыгъэ-къэзыбжь и палатэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуэ» КъБР-м и законхэм я проектхэм.

Апэ къыдэгъэуэу депутатхэр тепсэлъыхьынущ «Мафlэсымкlэ шыналъэншагъэм и Iуэхуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закон акт щхьэхуэжьэм хэхьныгъэхэр щрагъэкIуэкIэ яту щыта хэхьныгъэ закъыIэтыр зэрыщымыIэжьым пыщIа зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуэ» КъБР-м и законхэм я проектхэм.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэжэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ шууейхэр 115-нэ дивизэм Хэку зауэшхуэм и зэманым икIуа гъэуэгуанэр зрагъэлъагъуну йожъэ. Ящэ итыр Хьэмгъуокъу Барэсбийщ.
Налшык, 1975 гъэ, накъыгъэм и 9. *Сурэтыр* **ШПАНАГlЕЛЪ Эткар***трихащ.*

● Ди псэлъэгъуохэр

БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас:

Къыстехьэлъащ, ди лъэпкъ, уи тхыдэр

- Хьэбас, куэд щIащ уи интервью ди газетым зэрытемытрэ. Ар щIыжысIэр ди ушIэр зэтрихьащи аращ. ИкIи псом япэу зи гугъу узэгъэщIынур иджыблагъэ дунейм кьытехьа уи тхыль «Анэдэлъхубзэм и псынащхьэ» зыфIэпщарщ.

- КIэщI дыдэу утепсэльыхьмэ, бзэм пыщIа Iуэхуэгъуэхэращ ар зытеуохар: школхэм зэрыщрагъаджэ тхылъхэр зэрытха бзэр зыхуэдэр, литературэм кьыхьыхьэщIалэгъуалэм я анэдэлъхубзэр зыхуэдэр, а анэдэлъхубзэмкIэ литературэм кьыхахьэ культурэр зыхуэдэр, нэгъуэщIхэри.

ИтIанэ. Ильэс зыкъомкIэ узэIэбэкIыжмэ, Нало Заур къыдигъэкIауэ щытащ «Лъабжьэмрэ щхьэкIэмрэ» зыфIищa тхылъ бзыльх. Куэдым теухуащ а тхылъыр, ауэ абы итащ адыгэ джэгуакIуэщхуэхэу Агънокъуэ Лашэ, Абазэ Къамбот, Сыжажэ Къыльпышкьуэ сымэ я уэсу езы Заури гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и нэгъуэщI лэжьакIуэхэми зэхуахьэсыжахэр.

ДжэгуакIуэхэм ятеуохуэу статья гъуэзэджэхэр итхащ Заур, сэ абыхэм я гъащIэмрэ лэжьигъэмрэ теухуауэ къэхутэныгъэ езгъэкIуэкIауэ араксым, атIэ нэгъуэщI лъэпкъхэми гу лъегъэтэн хуейуэ къэслытащ джэгуакIуэщхуэхэм я творчествэм. «Сатира и лирика народных поэтов» эссер щIэурысыбзэм и зы щхьэусыгъуэр аращ.

ЕтIуанэр. Ди литературоведенэмрэ бзэщIэныгъэмрэ хуэгъэпса терминологиер фIы дыдэу зэдгъэпэщыфакьым, ди жагъуэ зэрыхъунщи. Абы уриукIытэн хуейкъым, атIэ узэлэжьын хуей Iуэхугъуэу аращ. Мис а щхьэусыгъуитIыр зэхэслъхьэри, урысыбзэкIэ етхат мы эссер. Кьапщтэмэ, ди литературэм адыгэбзэкIэ хуатхам нэхърэ нэхьыбэ урысыбзэкIэ хужаIащ икIи хуатхащ. Псалъэм кьыдэкIуэу жысIэнщи, бзэр умыщIэми, урысыбзэкIэ литературэм уелэжь хъуэу хабзэ зэрытхуэхъуам и зэран кьыдэкIыу щIидзауэ кьызэлытIэ. Литературэр зэратх бзэм и хъуэар иумышэхьфу, а бзэм и макъым хэль щIэжьыуэр зэхыумыхыу литературоведенэм упэIебэныр Iуэхушхуэщ, гугъущ. Ауэ абы теухуауэ зыгуэр жаIэуи зэхэтхыркъым. Сэ проблемэ нэхъ кьэсIэту йокIуэкIи, стеIукIауэ бзаджэжьыфи кьызэпль. Сыбзаджэу арагъэнкьым: зыдужьыну дыхуеймэ, литературэм епха Iуэхугъуэхэм дытепсэлыхьыхьэщ. Модэ Шухьиб си гъунэгъу щIалэжьщи е Исхьэкъ си адэ къэушым и къуэщи зыгуэр яхуэхтынщ жыпIэкIэ, литературэр пхуэгъэкIуатэркъым. Апхуэдэ Iуэхугъуэхэм теухуащ зи гугъу тщIы тхылъыр.

- «Анэдэлъхубзэм и псынащхьэ» тхылъым сыт хуэдэ гупсысэ нэхьыщхьэу кьыщыпIуатэр, сыт нэхъ зытебгъэчыныхьыр а «псынащхьэр» хьума хъуным и лъэныкъуэкIэ?

- ПщIэдзэ еджапIэм и классипIыр анэдэлъхубзэмкIэ едгъаджэркъым, адыгэбзэр зэхэзых, зыхэзыщIэ щIэблэ кьытщIэхьэрыкьыми, литературэр хокIуэдэж. Къыдгурыгуэми къыдгурымыIуэми, абы дыхуэмыкIуэмэ, Къэбэрдейкъэ уэзджжьын кьэнэнукъым, адыгэбзэмрэ абы кьигъэщIыжьын хуей литературэмрэ щыкьыIэу. Иужьрей ильэс 40-м, уеблэмэ нэхъыбэм ди республикэм и унафэщIу щытахэм яхэтхьым кьуажэ школым щемыджа. Ар щIыжьыСэр адыгэбзэкIэ зэреджам зэфIэкI ямыIэу, щIэныгъэншэу кьызэримыгъэнаращ.

- Иджырей адэ-анэхэм кьащохьу адыгэбзэкIэ нрагъаджэмэ, я бынхэр псоми кьакIэрыхуну. Дэ зи гугъу тщIыр сабийм ищIэ бзэмкIэ щIэныгъэм япэ лъэбакьуэр щегъэчауэ, урысыбзэми хэшэныщ. Ауэ абы «эксперимент» фIащ, кьрагъажьри, апхуэдабзэуи мэужьыхьыж, езыгъэдэжнкIи тхылъкIи тэмэму зэрыкъуэмыхьэзырым кьыхэкIыу.

- Абы дызыхуишэращи, ди щIалэгъуалэм я фIэщ хъуркъым усыгъэ диIэу. ЩIэмыхьур бзэр ящIэркъым, тхылъ еджэркъыми аращ. Урысыбзэр умыщIэмэ, Пушкин, Лермонтов сымэ, нэгъуэщIхэри щыIэкъым.

УшIэр мыпхуэдэу кьоув: дэ лъэпкъыу дыкъэнэну дыхуей? Дыхуеймэ, япэраеу, пэщIэдзэ классхэр анэдэлъхубзэм хуэгъэжIуэжьпхъэщ. ЕтIуанэрауэ, бзэр зыщIэ, щIэныгъэ зыбгъэдэлъ щIэблэ диIэн хуейщ, литературэмрэ культурэмрэ тхъумэн, зедгъэужьын папщIэ. Ещанэрауэ, ди университетым филологиемкIэ и институтым и адыгэ къудамэм унафэ гуэр тращIыхьыну и чэзу хуауэ кьызэлытIэр. Псори дыщIалэфIщи, зыри жыгIэркъым. Сэри, уэри, нэгъуэщI куэди дыщеджащ абы, щIэныгъэфI кьыщIэзыхаи кьытхэтщ. «КIапсэ кIапэр къэбгъэлалэмэ, кIэмэсмолыр лъэлъэжьынщ», - жиIэу згъэгуэр гуэр щыIащ 20 гъэхэм. А факультетым кIапсэ кIапэр кьызэрыщагъэлалэрэ куэд щIащ. «ДоукIытэ», жыгIэу зыдгъэунэхьу хьунукьым.

- Уэ литературэм тыбогъащIэ, сэ журналистикэм сыхэтщ, щIалэгъуалэм я щIэныгъэр зэрыгъэкIуэныгъэр махуэ кьэс жьыхуэIэм хуэдэу си нэгу щIокIри, кьыблызощтэ. Хьэбас, щIэныгъэншагъэм дытекIуэджжынкIэ хьуну зэрыжьыпIэри, бзэр щIэблэм Iуриыгъыныжкъэ пщIэдзэ еджапIэм и кьалэнхэр зыхэпльагъуэри. Ди литературэм, щэнхабзэм, гъуэзджэм зэрызажьым пызыщи тхуэмыгъасэмэ, тхуемыгъаджэмэ, ихьыжьхъэм гъащIэ гъуэмылэу кьыгъхуагъэнар льэпкъым зэрыхурикъуну пIалъэр сыт хуэдизу пIэр? Мы ущIэм умыгъэпIейтейнкIэ Iэмал иIэжьыщ.

- Зы гушыIэ гуэр щыIэщ. Хьыджжбзапльэ щыкIуэкIэ, щIалэгъуалэр куэду зэхуэсырти, гушыIэу зэхэст. Зы щIалэжь гуэр хьыджжбзапльэ кIуауэ хьэнтхьупс пщтыркъэ пIастэрэ кьыхутрагъэуващ, ищIэм еплъыну. ПыIэри зэрыщIэхьэрыгъыу хьэнтхьупсым пIастэр дишхьу щалъагъум, «уэлэхьи, мы ди мальхъэм пыIэ хуабафэ изэпIлъэм», жиIащ зым. Хьыджжбзапльэ кIуам, «уэлэхьи, нэхъ хуабжэк сиIэмэ, унэм къэзгъэнауэ», жиIащ.

Дэ пыIэ хуабэ лъэпкъыу дунейм дыкьытенэну дыхуэмейм, бзэращ Iуэхуу щыIэм я нэхьапэр. ЕтIуанэр - фадэращ. А тIум я зэхуакуращ дызыдэкIуадэр.

- Мы зи гугъу пщIыр унагъуэ-унагъуэкIэ щалуатэ гукъеуэщ, ауэ жылагъуэ Iуэху щхуэщIыркъым. Сыт абы и щхьэусыгъуэр? Жылагъуэр зыгъэпIейтей Iуэхум езы жылагъуэм и унафэ гуэр щхьэ химыльхьэфр?

- «Авторитарный режим» жыхуаIэу тщхьэщыкIам ди интеллигенцэр Iейуэ ехуэхауэ кьыщIэхужащ. Интеллигенцэм и Iуэхур гугъущ. А псальэм кьикIыр зи напэр япэ изыгъэщ, зи псальэр пэж щIыху, жиIэу аращ. Тотолитар режимым и щынэхьыщIэ авторитарнэм щIыхум, интеллигенцэм загъэщхьыиригъэсащ. Ар ди лъэпкъым и закъуэкьым кьызыщщIар, езы Урысейми иIащ икIи иIэщ а проблемэр. Ауэ Урысейр сыт хуэдэ зэманми, псалъэм папщIэ, Пушкин и пэкIэ уIэбжьмэ, усакIуэ Баратынскэм деж кьыщыщIэдзауэ интеллигенткIэ узэджэн щIыху, усакIуэ, тхакIуэ, сурэтыщI, журналист ирехьу иIащ. Аращ Урысейм лIэщIыгъуэм дэмыкIуэдыж театр, литературэ, архитектурэ, н. къ. иIэу кьыщIэгъуэгурыкIуэр. Дэ абы дынэсыфыркъым, республикэр зэрыщIыкIур, пыIэр жаIамэ, щхьэр яхуэзыхьын унафэщIхэм я бжьым дызэрыщIэтар, анэдэлъхубзэр щIэныгъэм и бзэу дызэрымыIэр, лъэпкъыр куIынщ зыщIа нэгъуэщI Iуэхугъуэ куэдхэри ди щхьэусыгъуэу.

ЕтIуанэ Iуэхугъуэу кьыхэзгъэща фадэм и гугъу щIы, ар гузэвэгъуэщ. ЦIыхухьхуэм я Iыхьэ щанэр йофэ, жыпIэкIэ ущыуэну кьыщIэкIынкьым. Ахэр фадэм зэрызихьэр зы Iуэхущ. Абыхэм ящIэхъуэхэми я тлым фадэр хэту кьызэрыхьэр нэгъуэщI гузэвэгъуэщ. Мис аращ Булгаков, Ермолов сымэ зыхуеяр - лъэпкъым и генетикэр якьутэнырщ.

Фадэр нэрыгъ щIахуэхьуам зэрылажьэпIэншэхэри, я улахуэр зэрымащIэри, нэгъуэщI щхьэусыгъуэхэри иIэщ. Ауэ а щхьэусыгъуэхэр кьызызкII Iуэхуэхэр зэрыиным унгъэгужьейуэ укьикIуэт хъунукьым. Интеллигенцэм и кьалэнщ абы теухуауэ псэльэну, тхэну. Интеллигенцэм и Iуэху епльыкIэ иIэжу дунейм темытмэ - ар интеллигенцэкьым.

- Хьэбас, нетIэ Булгаковым, Ермоловым жыпIэри пащтыхьым и зэрыпхъуакIуэ политикэр сэшхуэрэ тощкIэ зыгъэвахэм я цIэр кьыщIуащ. Адыгэхэм я Щыгъуэ махуэр блэкIа къудейуэ дызэхуэзащи, сыноупщIыну сфIэнгъэщ: Урыс-Кавказ зауэм и Iэужьхэм я нэхъ Iейр сыт хуэдэ?

- Къэбэрдей зауэр шуудэр 1779 гъэм Фабрицианрэ Якобирэ къызэтракъутат. Абы теухуауэ тхыдэтх Сокъур Валерэ итхар сэ зэздзэкIауэ щытащ. Кьаухъурсихьу «зыкъэфт» кьыщыжраIэм ядакьым. Арати, пщэдджжьым щыщIэдзауэ жэщыбг хьуху ахэр зэзэуащ икIи кьыхагъэщIащ. Абы щыгъуэм кьаукIаухэр лъэпкъым и напщIэ тель щIыхухэрщ, я зэфIэкIкIи, я узынщагъэкIи.

Абдеж щыщIадзэри уваIакьым, геноцидым хуагъэкIуа зауэр иухыу. Езыхэми зэи ябзыщIакьым зыхуейр. Лъэпкъым дыхуейкьым, щIыращ дызыщIэзауэр.

Апхуэдэ мыгъуэгъэ Latin Америкэм щыIащ, Испаниемэ щызэрипхъуэм щыгъуэ. Урысейм Кавказым щигъахъэм ирагъапщэу, ар ямыдэу куэд жаIащ урыс интеллигенцэм. Псальэм папщIэ, декабрист Лорер итхауэ сэ сыщылажьэ Литературэ музейм и блынымфIэльщ мы зауэр Кортес и гупым Америкэм щащIам ещхьщ жиIэу. Декабрист Раевскэм и къуэш нэхъыщIэ Раевский Н. Н. Урысейм зауэ хуэIухуэщIэхэмкIэ и министр Чернышов мыпхуэдэу хуитхауэ щIатащ: «Дэ Кавказым щызетхъэм уигу кьимыгъэкIыжьынкIэ Iэмал иIэжьмэ ар кьыщащэуэм испанхэм зэрахьа щIэпхъаджагъэр. Апхуэдэ ди IуэхущIафэхэм сэ хэслъагъэркъым лIыгъи ехьуIэныгъэщхуи... Тхъэм жиIэ Кавказыр кьызэрыдзэущIыкIэм Америкэм и тхыдэм кьыхимынэну лъы защIэ лъэужь, Испаниемэ и тхыдэм кьызэрыхэнам хуэдэу».

Латин Америкэм щыпсэуа лъэпкъхэм, журтхэм, ермэлыхэм, адыгэхэм ягъэва гузэвэгъуэм хуэдэ нэгъуэщI лъэпкъхэм я щIэныгъэ зыщIэлъ щIэблэ ящIэнщ. Дэ ди генетикэр апхуэдизкIэ ерыщу зэхакъутащи, ар пхуэфIэгъэувэжьыну си фIэщ хъуркъым.

- Абы щыгъуэм кьытхуэнэр нобэ дызыхуэсакьыжьынщ. ЩIэблэр щIэныгъэмрэ адыгагъэмрэ я нэхум хэдгъэтынщ.

Хьэбас, фIыщIэ пхузощI иджыри зыри зэмыджа уи Iэрытхэм щыщ Iыхьэ ди газетым кьызэрептам щхьэкIэ. СыноупщIыну сыхуейт: «Псэм и дуней» роман-дневникым сыт хуэдэ гупсысэ щытепщэр?

- Пастернак иIэщ мыпхуэдэ сатырхэр: «Полвека ты копишь свой опыт, но их не заносишь в тетрадь» жиIэу. Ар эпиграф сшIынщ жысIэри сегупсысащ, ауэ сщIэркъым нэгъуэщIкIэ зэхъуэжIыну. «Роман в новеллах» жаIэу жаир щыIэщ проззу. Мыр уэзуэр зэхэлъ роману кьызолыитэ сэ, Iуэхугъуэ куэдым епха гупсысэ щызэхэуухуэнауэ. Мыбы хэт лIыхъужьымрэ абы и хэкум и тхыдэмрэ, а лирикэ лIыхъужьымрэ иджырей дунеймрэ, лIыхъужьымрэ ар щыпсэу кьэралыгъуэм щекIуэкI политикэмрэ... КIэщIу жыпIэнумэ, лирикэмрэ философиемрэ щызэрыIыгъ жанрщ мыр. ФIы хъуа, Iей хъуа - сщIэркъым. Илъэс 50 хъуауэ сотхэри, зыгуэрым игу зрезгъэхыну, орден гуэр зрезгъэтыну зы сатыри си кьалэмыпэ кьыщIэкIакъым. Властым щIэх-щIэхыу зихъуэж и хабзэщи, утыку укьинэнкIэ хъунущ. ТхакIуэм и щхьэр лъагэу IэтаУэ щытын хуейщ. Сэ ар схуэзфIокI, жысIэркъым, абы дыхущIэкъун зэрыхуейм тезгъэчыныхьу аращ.

- Уэсэу, Хьэбас.

Епсэльар

ШИРДИЙ Маринэщ.

БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас

«Псэм и дуней»

роман-дневникым щыщ

* * *

Къыстехьэлъащ, ди лъэпкъ, уи тхыдэр,
Си творчествэм щIэтIысыкIащ.
Уи гуауэм си гур кьысфIикудэу,
Си гъащIэр кьызэпхисыкIащ.

Ущхьэуимытрэ уи кьэрали
Уимыlэжьныр сыт насып?
Ар - жьыбгъэм зэм урижьуджалэщ,
Зэм - фыщIакIуэжьхэм уражьпщ.
4.02.2006 гъэ.

* * *

Адыгэм я менталитетыр
Къахэзылъхьар кьэхутэгъуейщ.
Я хэкут дунейм нэхъ дахэу тетыр,
Я жьэгур лъагэт, я щIыр бейт.

Зэкъуэ увэныр хьэл яхуэхьуу,
Я льабжьэр зэрымыбыдар
Дэ допшьныж мыухьж щIэщхьу,
ДепщIыхьу насып тфIэкIуэдам.

Мо уафэмкIэ кьеха унафэт
Ди тхыдэр пхьашэу зэрабзар?
Куэд елъытащ узышэм псафэ,
А дызригъафэри жэбза?
4.02.2006 гъэ.

* * *

Зи мэз Iувыжькэр гуэрэныгуу,
Зи гуауэр куэду зэхэша
Адыгэ хэку, адыгэ щIыгур
Хъущ кьар ущни - кьэхэшат.

Тхъэм дыщIхь умэ я ауаным
Лъэпкъ Iущхэм. Тхъэм дыкьыдихьыж.
БлэкIам шынагъуэщ и архьуанэр,
ГугъапIэ куэд кьыдимытыж.
4.02.2006 гъэ.

* * *

Ущэтхуу мы жыгъижьым и щIагъым
Темыужу акьужьыр кьепщэнщ.
Уеззшауэ жыгъышхуэм ищIакьым,
Уэ убауэу дэтхэнэм ищIэн?!

Дуней жыгыр емышу щIэращIэу,
Ямыкъутэмэ, куэдрэ щыIэнщ.
Еша Iэджэмэ яхуэгумащIэу
Емызэш акьужь гуапэр кьепщэнщ.
13.07.2006 гъэ.

* * *

Талантым пхуэмыфащэ уегъэшэч,
УигъэпдынкIи хьунущ умыщIэххэу.
Уолажьэ, кьыуимыгъанэу пхузэфIэкI,
КьоплъакIуэм кьахуэмыщIэу пщIэм и щэхур.

Уи Iэхур пщIэху дэы Iэджи
кьыболэжь,
Кьофыгъуэм и нэм тельщ щIыуху
пшагъуафэ.
Пхуэфащэ дэы пхуэльыхьуэу нэху егъэщ,
ЗикI, укьыфIэщIыркъым абы
уIьагъугъ уафIэу.
02.08.2006 гъэ.

* * *

Бгъэм кьыщIэзфIоззрыхьри,
ЦIхьэр унаэу уобгъунIьэкI.
Гугъум я нэхъ хьэлъэр зыхьри
Насып жыгымкIэ йоплъэкI.

Насып жыгым пэмыжьыжьэу
Пабжьэм щIытIи игъэпщкIуащ.
ХуеплъэкIыжхэу а жыгыжьым
Iэджи щIытIым игъэткIуащ.
21.08.2006 гъэ.

* * *

Нерв симыIэжу арагъэнщ -
Сыт мы кьэкIуэкIыр?
Емышу цIыхухэм псэ ягъэн,
КьракьутэкIыр.

Я бомбэр - мазэм нэхъ нэхъ инщ,
Я губжьыр - щыблэщ,
Я щIыгуми уэгуми щокъиин,
Дэгъэзу щIыльэр.

Ем и кьару зэхуахьэсар
ЯгъэпщкIур гыну,
Щыгугъхэу зы зэмани ар
Къэмылынджну.

Сыт мыгъуэ цIыхум кьытщыщIар?
Зыгъэиныным
Апхуэдэу ену дыщIесар
ЦIыху цIыкIу фыжьынур?!
06.07.2006 гъэ.

* * *

Жыг хадэ лъэщIэхум
Хьэуар пэрыхьэщ.
Нур пщIыпщIым дэнэхуу
Гъэгъах эр зэжэщ.

Акъужьыр щэхубзэу
ЗыщIыпIэ кьокIыж.
Гъэгъах эм ебзэу
Задеущэхуж.
16.07.2006 гъэ.

* * *

СыкьэбгъэщIати сыуСэну,
СхуэзфIэкIын кьэзмыгъэна.
ЗыгуэркI зыпхуэзгъэсуену
Гукъанэ си г ум кьимына.

Кьабзабзэу псэр суэщIыфауэ
Быдагъэ сиIэу жызмыIэн.
СыкьэпщэлIэжмэ, тIэкIу гуваУэ,
ХущыщIэр уэ кьыскъуэпльхьэнщ.
2006 гъэ.

* * *

ЩIымыIэж ХьэтIэхъущокьуи Идари,
Тальостэнхи ящщ щIымыIэж.
Гу адамэ кьурщыбгъэм и дамэр,
Уэгум йоплъэри щыщ, мыльэт жж.

ЩIымыIэж лIакъуэлIэши я лIыгъи,
Диа пщIэри зэгуэр щымыIэж.
СыхуэплащIэу жысIэнкъым лIэныгъэм,
Мы къэдгъащIэми симыгъэтхъэж.
14.02.2007 гъэ.

* * *

ЗэкIэщIэтIыхьурэ зэрыщIэтIащ
Адыгэпщ насыпынщэхэр.
Зыхуей тепщэгъуэм льапсэр щIатащ,
Къуэпсри, лъыпсыр кьипльжу.

ЩIэныгъэншагъэм кьыпхуехь хьэзаб,
ЩIэныгъэншагъэ бзаджэм...
Къэрып хэку жыыкьэхэм ди щIэблэр щапI,
Я псэр Хэкужьым кьаджэу.
23.04.2007 гъэ.

* * *

Мухьэжьырхэм я гъэугуанэ,
Мухьэжьырхэм я тенджьэ,
ЩIэблэ кьуэдым ди гукъанэ,
Ди губампIэ, ди гууз.

Мухьэжьырхэм гу кIыргъ макьыр
Хамэ гъуэгухэм ныщагъэIу...
Пшахьуэр магьыр, уэгур магьыр,
Кьуршхэр жэщкIэрэ мэщэIу.
10.03.2007 гъэ.

* * *

Зэгуэр Iэтауэ яхьа ныпыр
Иджы зэмзэму драIэтей.
ПхущIальхьэжамэ лъэпкъ насыпыр,
Ухуейм зэ дапщэри пIейтей.

Гууз-лыуэм дыхэмыкIыу
Дыззрыпсэур хэт кьыфIэIуэху,
Е щIэс уи унэ ущIэмыкIыу,
Е кIий, Iуэху ущщу у атхьлэхэу.
07.08.2007 гъэ.

* * *

УкъэмыкIуэ ныжьбэ, Булгаков[1],
Уи Емынэм зегьэтэпсэу.
Ар кьызыхуэпхьыжьыни кьэнакъым,
Хэмытыж кIэнтхъ кьэнар зауэ Iуэху.

УкъэмыкIуэ Балькъ Iуфэ Якоби,
Ныуяху шагъдий жэрэр мэщэIу,
Я щэIу макьыр кьэIуэсу ди нобэм.
Теса лIыфIхэм кьалъос ди тхьэльэIу.
08.07.2006 гъэ.

1. Зи унафэкIэ емынэр Къэбэрдейм кьыхеязыгъэхьауэ щыта генералщ (1810 гъэ.)

Ныжьбэ Якоби пщIыхьэпIэу слъэгъуащ,
(Тхъэм ещIэ пщIыхьэпIэр кьэзыхьыр.)
Зэ уафэр кьэхьуэпскIри - етIуанэм
гъуэгъуащ,
КъэгъуэмэтIымэж - изыкухьу.

ЗыкьеублэрэнкIри пшэр уафэм кьохуэх,
Уанэшхэр щIIубэрэ зщихьу.
Уэхпльэмэ - плъыжьу Балькъыпсри йожэж,
ЩэIу макъ кьыхэIукIыу кIыхьлIыхьу.

Шуудзэу щытахэр лъэсыдзэу зэхэтщ,
Затын хуагъэфащэркъым я щхьэ.
КьмкIуэт мыхъужьнхэу шэ уэфым пэщIэтщ,
КьыпыткIуу лъыпс пщтырыр я Iэщхьэ.

Уэркъ щIалэжр пагэми, Фабрициан
Къэзакъи сэлэти и хуэщIу.
Джэла адыгэлIэр «ажалым и кьанщ»,
Ажалыр мэщыпэ мэщыу.

А махуэм нэхъ фIыщIэ иIа Къэбэрдейм?!
А махуэр мыгъуагъэм и абгъуэт.
ПщIыхьэпIэр - дыдейщ. Хэкур
тепщэхэм ейщ.
Адыгэм ди тхыдэр - мыгъу агъэт.
07.08.2007 гъэ.

Адыгэ гущэкъу уэрэд

Уи хьэбэжьыр кьыззгъэщIи,
Куууэ, IэфIу жей...
ГукъэкIыжхэм псэр хагъэщIу,
ТIэкIу сагъэгужьей.

ЩхьэгъумыжкI Ермолов бзаджэм
И гум фIы имыльэ.
ЗигъэлIыфIми, бзаджэнаджэщ,
Ирифынуц диль.

Мес Булгаковыр, емынэр
Кьихьу гъуэгум тетщ,
Насыпышхуэт къэмысыныр,
Жейт, си щIалэ, жейт.

Цициновыр мэдалъэ,
ДильклIэ иримыкIу.
ЯтIэ унэхэр мэльальэ,
Къаэмынэу бжьыкъ у.

Жей, си тIасэ, бжесIэ псоми
КьыкIыр уэ кьэпщIэху,
Насыпыфэ цIыхэ дыдэу псэуи,
Си псэр оу зэгъэпсэу.

Дэ, балигъхэм, ди псэхуугъуэр
МафIэм хисьэжащ.
Ар тпэIэщIэ пэтми, Iугъуэр
Псэм кьыхьыхьэжащ.

Хэтщ ди гъащIэм а Iугъуэмэр,
Сахуэр - нитIым щIэльщ,
Тху зэфIэкIмэ, утхъуэмэныр
Дэ ди гущIагъщIэльщ.

Жей, зэманым зихьуэжами,
ГъащIэм бзаджэр куэдщ.
Льэпкъыр дызэхатхьуэжами,
Адыгэгу кьытхэтщ.

Леймыгъэгу мо уэгум итмэ,
ПIальэ гуэр щыIэнщ.
Льэпкъыр зэ фьыззрыубыдмэ,
Тхьэр кьыфщIэрыIэнщ.
8.08.2007 гъэ.

* * *

Дунейм унафэ щызыщIыр ныбэрауэ
Зэм-зэм кьыхохуэ си гупсысэм, ауэ
Сроукьытэкри гупсысэр согъэпщкIуж,
Акъылым - кьылIыщ жьантIэр изотыж.

Акъылыр а кьылIысыжьам дэсхуу,
И ныбэм щхьэкIэ еукI цIыхум цIыху,
Кьэрал Iэчльэчыр нэхъ тIасхьэм
йофыщIауэ,
Зэуэни щыIэхэщ загъэхьэзырауэ...

Дунейм унафэ щызыщIыр ныбэрауэ
Уегупсысауэ умыгъэхъыбар.
Идееращ кьэралхэр щыIэзэауэр
ЖяепIэу щытмэ - нэхъ ядэнущ ар.
25.08.2007 гъэ.

* * *

Тамбукъан гуэлым деж щыпапщIри,
Бзыхьэхуэ бгъуэз кьытлльысьжащ.
Пльэжмэ ныкьуакъуэ, пфIэфмэ щIэупщIэ -
Дыкьыззэщагъэри дакьуэзыжащ.

Зэныкъуэкъу куэдым гъащIэ кьилэжьмэ,
Адыгэ Хэкум нэхърэ нэхь нэху
Зы щыхьэрыщхуи зы кьэралыжьи
ЩIым щыбгъуэтынтэкъым сигу...
Зыгъэпсэху.
2007 гъэ.

* * *

Щызэрапхъуэжьым кьэрал мылькур,
ЦIыхубэ мылькуу щытыгъар,
Хей дапщэ хапщэжар мы щIыгум,
Зеинщэ дапщэ ягъэгъар?

Ар ублэгъуафIэщ «ервэлюцэр»,
Уи хьер кьыщIыхэкIынум деж,
Къулейсызыбэм я лыр узу,
Уу ейхэр щыхэ хьукIым бей.
02.10.2007 гъэ.

* * *

И лъапсэм лъэпкъыр кьыщIыхатхъым
Бзыхьэу и псэм игъэвар
Дунейм тхахIуэпхуэу тетым ятхми
МащIэIуэ хьуйуц жаIэфар.

Адыгэ тхыдэм ущIипIытIэу
Дунейм зы гъащIэ щепхьэкIын?
Къалэныр тIэкIу хьэлъэIуэ пэтми,
Уи Iитlкlэ уи псэр хэпхыжьын?!
10.10.2007 гъэ.

* * *

Пшэ хэр Iуву, пхьашэу, пшэру
Уэгум кьоэзрыгуэ.
Жьыбгъэр тхъэмпэм щыуэршэру
Еlуэтэж зи лыкIуэр.

Къуалэбзуэр зэрызехьэу
ГуащIэу топсэльыхьыр
Мы бжьыхьэпэ, тIэкIу лейзехьэу,
КъакIэщIэ ззэрыхьым.

Къуаргъи выиди я зэIущIэм
Льагэу щызопсальэ.
Хуэму кьокIуэ бжьыхьэ Iущыр,
ЕщIэж абы и пIальэр.
23.08.2007 гъэ.

* * *

Зыужьыгъуэй Къэбэрдейм,
Зи кьуажэхэр хьэжь зэблэкIыпIэм,
Льахъшэми тIэкIу и дунейр,
Дахэщ тельыджэу я щIыпIэр...

И псэр нэхъ зэрируэзщIын
Iэмал кьэзыхьыжьу ухуэзэм -
Сыт щхьэкIэ ар убзыщIын,
Сыхуэбгъэззэну сыхуейт сэ.
25.08.2007 гъэ.

* * *

Ильэс щэныкъуэ хьэуэ гупсысэ
Адыгэ геноцидым.
Ар кьыттехьэлъ, тхэмывыкIыж узщ,
Ди нобэр кьытфIипIытIу.

Кьыхсухэнэжкьми семыгупсысын
СлъэкIыну кьыщIэкIынкъым...
А геноцидыр кьыззмыкIыжьын
Зы удзи кхъэм щыкIынкъым.
10.08.2007 гъэ.

Сурэтхэр **ПОБЕРЕЖНЫЙ Юрэ** *ищIащ.*

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Налшыкыр премьер-лигэм ильэс куэдкIэ хэтыну хыхьащ!

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

- ЗэрызэхсхамкIэ, топ щыджэгу губгъуэ куэд дыдэ пэкIэ фIиэнщ?

- Пэжщ, топджэгу губгъуэ 391-рэ диIэнщ. Урысейм Спортымкlэ и министерствэм зэхигъуэва федеральнэ программ щыхьэхуэм дыхьащ. Зи гугъу сшIыр республикэм и дэтхэнэ кьалэмкI кьуажэми дзэ ежкапIэ хэм топ щыджэгуфыну губгъуэхэр щыIэныр. Ди школхэм футболыр, шахматхэми х уэдэу, факультативу щрагъэдкIынущ.

НысащIэм щIитыну уаэсри кьыхокI

- Бэнэкlмкl федерацэм и унафэщIу ущытыныр дауэ кьалэн зыщIыщыжа?

- Урысей псом щIыIэ щытыкIэу зэпэсчатащ. ФыщIу ральнэ унафэщIхэм щапхъэфI дагъэтьагъу, дэ абы дрикIуеу аращ. Административнэ ІэмалхэР фIыуэ лажьэу кьызолIыдэт. Дэ спорт федерацэу 17 дилэщ. Республикэм и унафэщI псоми абыхэм я нэIэ тригъэытну пщыгъуэ яцIыщащ. Сэ - бэнэкlэмкIэ. Парламентым и Унафэщlыр ятетикэ хьэлъэмкIэ, Правительствэм и Іэтащхьэм футболымкIэ, абы и зыкъудзэр дзюдомкIэ, адрейр шахматэмкIэ федерацэхэм драпашэщ. Мис апхуэдэуэр тедгуэшащ. Абыхэм бюджетым щымыщ мылькур нэхъ кьращэIэфI, лэжьыгъэр жыджэру кьызэрагъэпэщ. Кьащтэмэ, зы жылагъуэ гуэрым шахмат клуб кьыщыдзэIухьи хуейщ. Правительствэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэр адаптированрацэм и унафэщlым йопсалъэри, ар псынщIэу, фIыуэ зэфIигъэкIыну, пэш яхухихыну йолъэIу. Дэ спорт, Іуэхыр зэрыхъуным щэч кьыщыбгятхьэн щыIэкIым. Федерацэр тренер е спортсмен цIэрыIуэу щытам и пщэ иплъхьэмэ, абы ахьшэ хухамыкIынкI хьунущ.

Сэ Спорт федерацэхэм я советым и унафэщlу сыщытщи, псори зэхуэсщIэуэрэ я Іуэху зыгетегъэ зызогъащIэ. Апхуэдэу умылажьэмэ, зири кьикIынукьм. Ахьшэр зэи иригъуэкрыкьм. Федерацэ гуэрым и унафэщlым зыри имыщIэу щыслъагъуэм и деж, жызоIэ: «КIуэм уи кьалэнхэр гъэзащIэ, сэ генерал пэлытэ мыбдежьым сыщыхуейкьым». Дэ дызыхуэнжыкьуэр зигуэкIи псэкIи спортым дихьэхщ: мылъку кьигъэту, цIыхухэм яхьихьэу, зэ хьэхьу зэхэм якIелъыпIлъу, лентI цIыкIух эр эпэпущIу, ме далъэр ярту. СыззэригуГъэмкIэ, апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм фIы кьрикIуэн хуейщ. Нэгъэущ хэкIыпIэ сльатрыкрыкьм.

- КьызэрыщIэкIымкIэ, уэ Бэнэкlмкl федерацэм и унафэщIу ущыткIэрэ, а Іэнатlэм щыщIыз гугъуехь псори зыхобощIа?

- Сэ а спорт лЭужьыгъуэм пыщIахэр - спортсмену щытахэр, тренерхэр - зэхуэсэсри, хэт сыт хуэдэ гугъуехь иЭми зызогъащIэ. Кьащтэмэ, щыбгэнэн яIэкьым. Е зыгуэр гъэльэпIэн хуейщ. А псори зэхэхьэу диIэщ. Кьащтэмэ, щIалэр Урысейм, дуней псом, Олимп Джэгуэхэм я чемпион хьуащ - абы Іэмал имыIэ у сау тьэт хуащIащ. Дунейпсо чемпионым - сом мелуанищым щегъэжьауэ тхум нэс. ЩIалэщIэм дежкIэ ар Іей? Фэтэр е аш омашинэ кьыщэу фынуц, уеблэмэ кьыщэн хуей хьумэ, нысащIэм щIитыну уаэсри кьыхэкIынуц *(мэдытхэшх).* Зыхуэпэкъэн цIыхум иIэщ. Дауэ щIитыну, ар текIуэ ныгъэм щIэбэнынущ, ауэ абы саугъэтъэшхуэ кьызэрыпIэкIынур ищIэмэ, и кьарур бэгъуэнщ. Абы щыгъуэми, мылькум и зэкъуэкIэкьым спортым и лIыхъужьхэр кьызэрыхэдгъэщхьэхукIыр: кьалэхэм я уэрамхэм абыхэм я сурэтышхуэхэр щыфIыдозэ. НэгъуэщI щыгъуэ жыпIэмэ, аэр республикэм щыцIэрыIуэ дыдэу мэхъу.

- Фэ Налшык щыигъэльэпIащ дунейпсом и чемпион хьуа Махуэ Биллат, ауэ абы зи щIыхьыр ихьымэр Дагъыстанырщ. Ар дауэ зэрыщытыр?

- Ар дыдейщ, кьыщалъхуари кьыщыхьэнуцI. Къэбэрдей-Балъкъэрыщ, Ауэ бэнакIуэ Іэнатlэм щхьыхьар Дагъыстанырщ, абы бэнэкlэмкIэ школыр щынэхъ льэщщ. Аращи, Билал дыдейуэ кьыдолIыну, Дагъыстаным и щIыхьыр ихьымэ пэтми. Махуэм дунейпсо чемпионатыр хьэлъагъэ нэхъ ин дыдэ зиIэхэм я деж кьыщихьам щыгъуэ, си мылькум сом мелуани 3 кьыхэсхэри естащ. Ди щIалэхэр дзнэ щIыпIэ щыIэми, хэт и щIыхь яхьумэми, сагъэIыпэлъ. Псом хуэмыдэу спорт федерацэхэм я президент сызэрыхъурэ. Иджыпсту Налшык олимп резервымкIэ школ кьыщыдзэIудох. Пэшхэр яхухьдох, я шхынкIэ кьыздогъэпщ, нэхъ зэчиифIэхэм яттыну стипендиер дубзыхуащ. Школым щыхуи 150-м ящыщ Іыхьлым, щеджэнущ. Тренер лъэрызехьэхэр кьеДгъэблэгъэнущ. Іуащхьэмахуэ льапэ щыдиIэщ зэхуэсхэр щебгъэкIуэжI хьуну Іэмал гъуэзджэкIэр. Сыт ди щIалэхэр нэгъуэщI щIыпIэхэм щIэдгъэкIуэнур, мыбдежьым щреджэ, зыщрагъасэ, щытрекIуэ. Махуэм насыпышагъэ кьыщыщI пэтащ. Абы и шхыным зыгуэрым щхьэхъ хилъхьэри, сымаджэ хьуауэ щытащ. Фыгъуэ-ижэр дэни щыIэщ. Ар зи Іэдакъэщlэжьыр хэтми щыжыпсту жыпIэну гугъуэщ. Австриемрагъэхъужьыным текIуэдэну мылькур хуэстри, и уэнашагъэри зэфIэкIэнущ. Пажащ. Апхуэдэу щытми, а уэым зэрыплъэщIэн кьару лъэщ, гуащIэшхуэ зэшм имыIамэ, Іу эхур хэпIьэгъуэ хьунут.

Путин щIэныгъэ щIалэ: «Къэбжьыхьрэ?» жери

- Фэ Іуащхьэмахуэ фIиэщ, бгы лыжэхэмкIэ къэбжьыхьрэ?

- Владимир Владимировичи Путини а упщIэ дыдэр ильэситI-щы и пэкIэ кьызитащ: «Уэ Іуащхьэмахуэ уиIэщ... Къэбжьыхьрэ?» Сэ жэуапу естащ: «КьызугурыIуащ. ДипэкIэ кьэзжьыхьынущ». Иджыпсту жэуап естыфынущ: кьызожьыхь. Дауи, Владимир Владимировичи хуэдэу сыЗэхэсыну, ауэ щIэзыдзагъэшIэ и деж зымыеIуэ кьызолыытэ. Нэгъабэ ди деж бгым сыкьыщежэхащ, иужькIэ Куршавель сыщыIащ.

- Бгы лыжэхэмкIэ зыщыбгъэсену Куршавель нэхърэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щымэхъыкIуэ жаIэ...

- Зэрымэхъыкlэр пэжщ. Арщхьэкlэ ди Іуэхутхьбзэзэкр зэкIэ кьыкIэрохуэ. Ди щIалэсту Іуэхутгъуэ нэхъращхьэр зэфIыдогъэкI - Іфапсэ гъуэ гъуэр дохъуэж. Зы дыухащ, ешIуанэр ятэ къудеиц. ЩIыхуэхэм я деж кIэ псом ящхьэр зэрыщэнуейкьэмрэ кьежьэхьпIэхэмрэщ. Абы и ужькIэ щIипсэунухэр - хьэщIэщхэр. Кьыкlэпьыкlуэу - транспортгъэгъуэр. Псори зэуэ кьыщIэхуэзыщIэуфыдэнукьым, ауэ ипщкIэ кIуэтэн хуейщ. Дэ план уб зыхуэда диIэу абы дытетщ. Ди зэфIэкIкIэр мащIэкьым. Кьуэбыдэм (Красная Поляням) теухуауэ сыт жаIэми, абы ильэсым мазиплI-тхуитIэ кьыщыбжьыхь хьууэ аращ, ди деж ар мази 8-10 щохъ. Дауи, сэ кьызгуроIуэ: Кьуэбыдэри дыдзыхуеиц, Домбайри, Налшыкри, Осетие Ищхьэрэм и Мамисонри - псори зэпхащ. Ахэр зыхуеи хуэгъэзамэ, бгы лыжэхэм дихьэххэр хамэ къралхэм кIуэнукьым. Ауэ абы щхьэкIэ хуабжьу гугъу зегъэхьын хуейщ. Сэ Франджым, Австриемкьым сыщыIащ, Монблан кьэсхьэтыхьащ, абыхэм ябгхэм сыдэкIуеиащ, я щытыкIэр зэзгъэльэгъуащ икIи а зэзгъэщIа псом япкъ иткIэ дэрэ Іуэхуэр длэжьынущ. Мыбдежьым Іуэхуэгъуитl ущыхуейщ: мылькурэ зэманрэ. ЖIыпIэ хьунукьым дэ Монтрё е Куршавель щIыпIэхэм я Іуэхутхьбзэзэм хуэдэ ильэситIым кьриубыдэу тхуэзгъэпэщыну. Ауэ ильэситху-щIыпIэ дэкIэ, псори тэмэм тщIыфынущ.

Цыхухэр гъэщIэгъуэну псэун папщIэ

- Фи республикэм тIэунейрэ зэкIэлъхьэжьку щахмат зэхьэзэхуэ инхэр зэрыщекIуэкIар бюджетым кьекъэльэкIакъэ?

- Зыкlи кьекъэльэкIакъым, сыту жыпIэмэ, цIыхубзхэм я дунейпсо чемпионатри ФИДЕ-м и Гран-при зэхьэзэхуэри кьанэ щымыIэу зэредгъэкIуэкIар «Синдика» холдинг компаниеи и мылькуклэщ. Си деж кIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ федеральнэ, дунейпсо мыхьэнэ зиIэ Іуэхугъуэхэр республикэм щыIэныр. Кьалащхьэмрэ адрей кьалэшхуэхэмрэ щекIуэкIэр ди щIыхуэхэм зэраплъагъуэ хуейр телевизор кьудейкIэкым. Сыхуейщ ахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым яфIэгъэщIэгъуэну щыпсэуну. Дапщэщ ахэр апхуэдэу щыпсэунур? Урысейпсо Іуэхугъуэхэм хэща хьумэщ. Кьащтэмэ, гъатхэр кьихьащ, аращи, мыгувэу премьер-лигэм топджэгу зэхьэзэхуэр зэрыщIидзэнри си гурыфIыгъуэу гъэ кьэс сыIуощIэ. Абы и ужькIэ хоккейми зеттыну сыхуейщ.

- Налшык щыджей уардэунэ щIывухуэну зэхэсхащ.

- А Іуэхум яужь диту араш. Мэзкуу и Іэгъуэблагъэхэм спортзал зыбжанэм сыщепльащ, метр зэбгъуэнатIэ мин 5-ГI я инагъыу. Балашихэ щыIэр сигу ирихьащ. Иджыпсту апхуэдэ дыдэ проект идогъэщI. Пудкьым - сом мелаРд нэс ихьынчуц. Ауэ сыхуейщ апхуэдэ уардэунэ ди результикэм щыIэну. ЩIыпIэр кьыхэтхащ. Щыбгъуэ ухуэнышъэм щIэдзэнущ.

- Щыгъэбэн пэщхэр дэни щыIэп??

- Ирихьэн диIэщ. Ауэ сыхуейщ дэтхэнэ зы жылагъуэми метр зэбгъуэзнатIэ 500-1000 хьуу э пэшхэр щыIэну. Кьуажэм спортымкIэ уардэунэ щIыщIбуэуэн щыIэкьым. Зы кьат хьу унэм щыбэнэнри, зыщдахэ эпэну-зыщатIэщIынри, нэгъуэщI зыжьенкъэрэри хэхуэнщ. Абы кьыбгъурытын хуейщ футбол, волейбол, баскетбол ущыдджэгу хьуну гуфIыгъэхэри. Дэ щыгъэжапIэ бэлъхь дыхуащ, щы завод зэфIэдгъэувэжащ. Урысейм и Президентым и сагъэтыр, Іуащхьэмахуэ и Кубокыр къэхьныжькIэ щыIэпеуэ щыгъажьэхэр идогъэкIуэжI. Сом мелуани 6 хьууэ Урысейм щынэхъ ин дыдэ сагъэтт донд диIэщ.

- Сэ кьызжаIащ уи ахьщэкIэ мэджыдтрэ члисрэ гъбгъщIауэ. Гран-при-м х эт ахэр зыщIэса хьэщIэщри зэрауэрэ уи мылькуц. Ильэсищрэ ныкъэрэ хьуауэ араш Президентыр уэзэрыдажьэрэ, арщхьэкIэ апхуэдэ пхуэзэфIэкIащ! Адэкlэ сытхэр уи мурад?

- Сэ ильэс 28-кIэ Мэзкуу сыщыпсэуащ. ИкIи сыхуейщ Налшык нобэрей европей кьалэ хуну, еэым и Арбат, сату центр гъуэзэджэхэр, щыгъаз пэсэху хьуну щIыпIэ тельыджэхэр, дауи, спортзалыфIкIэр иIэ у. Кьытыдзогъэзэкри, цIыхур мыбы щIыпсэну ну хуейуэ? Метр зэбгъуэзнатIэ мин 25-рэ хьууэ идыкIыну сату центр дощI, доллар мелуан 30 и уасэу. Щэкlуэгъуэ мазэм ирихьэлIэу ар яутIыпщынущ. Абы хэтынущ мылыкь кьыщакьых утыку, кино театр ру 2, жэщ клуб. Ар щытынущ, цIыхур махуэм кIуэрэ нэху щыхуэкIэ кьыщIэмыкIыжьыфу здэщIыну центр *(мэдытхэшх).* КъыщIэмыщIащ, кьалэм авкапарк, цирк, планетарий дэтщIыхьынущ.

- Йужьрей упщIэ. Уи щIалэгъуэм уэрэ, бэнакIуэу ущытащ, республикэм и чемпион хьуауэ. Иджыпсту бэнакIуэхэм я азрыбгъум утекIыр?

- Си кьуэм и Іуэсу фIэкIа сытехьэркьым. И ныбжьыр илъэсибл хьууэ аращи, абы кьыхэкIыу сыт щыIуэри кьыстокIуэ.

ВАСИЛЬЕВ Юрий.
«Спор т экспресс», 2009 гъэ, накьыгъэм и 21-м.

ДЗЭМЫХЬ Лилэ.

Зи гугъу ямыщIар сыт?!

КъБКъУ-м ильэс къэс иригъэкIукI «Студент гъатхэ» фестивальр мы гъэми дахэу, зэпеуэм хэтхэми еплъэми дэржэгъуэ кьариту кьызэрагъэпэщат.

- МЫПХУЭДЭ зэхьэзэхуэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ студентхэм я зэфIэкIыр, я зэчиф ягъэльэгъуэныжьI, утыку кьикьэфу есэныжьI, - жиIащ КъБКъУ-м и ректор Къэрэмырзэ Бэрэсбий фестивальр кьыщыдзэIуихым. - Щалэгъуалэр махуэшхуэ дыдэм хуэдэу щызэхьыхьэ мы фестивальым хэтхэр нэхьри дгъэгушхуэн мурадкIэ, текIуэхэр иридгъэпэжен папщIэ, мы гъэм абы хуэзтха мылькуми хэдгъэхьуащ - ар сом мин 250-рэ мэ хьу. Зэпеуэм хэтыну псоми сыныбохьуэхьу екIу зыкьэзгъэльэгъуэну.

Псом япэу утыку кьихьащ филологиемкIэ институтым и студентхэр. Абы-хэм я гушыIэ, кьафэ, уэрэд дахэхэм епльыну ныбжьыщIэ куэд кьызэхуэсат икIи я дэтхэнэ утыку кьихьэгъуэми Іэг ауэушх уэ уаIэтырт. Филологхэм кьанкIэлъыкIуэу зыкьэзыгъэльэгъуэ гупхэми я зэфIэкIыр зэрыльагъ наIуэ кьащащ. Гукьинэ жт математик э факультетым и «Визитка» гушыIэ тепльэгъуэгр. Студент Іуэрыплъэгъуэм щыщ «лIыхъужьхэм» я гушыIэ кIэщI щыкIуэхэ куэдым «зыкьащащIыхьужьыр». Апхуэдэу уэзыIэпашэрт университетым информатикэмрэ управленэмкIэ и факультетым и гупым и джэгуIэм, къафэкIэм, уэрэд жыIэкIэм. Урысыбзэр хэмэ кьэрал кьикIа студентхэм кьаэрэгугъуэкIыр, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, абыхэм я «бзэныкьуагъэр» лъабжьэ зыхуащIа гушыIэхэри гъэщIэгъуэнт.

Медицинэ колледжым и лIыкIуэхэм я джэгуIэмэ ущеплъэкI, г ур хэхъуэрт. А гупым щыщ КIуэкIэу Саидэ кьамэхэр игъэIэрыхуэу кьызэрыфар студентхэми якюрим хэтхэми тельыджэ ящIыхьуат. Пэж дыдэу, умыгъэщIэгъэнкIэ Іэмал зэхуэдэ адрей пащащэм кьамэхэр Іэзэу «зэригъэджэгур»...

Фестивалым гуп 18 хэтащ. Дауи, аруэдиз цIыхум я зэпеуэм увыпIэфI кьыщыпхыныр гугъэт. Зэхьэзэхуэр гъэщIэн зэрыщытагъ кьегъэльапIэ я пэ увыпIищыр зыхуэгъэфэщахэм кьахьа баллэ бжьыгъэхэр мащIэ дыдэкIэ фIэкIа зэрызэщхьэщымыкIми. Информатикэм и управленэмкIэ факультетыр япэщI - балл 87,6-рэ кьихьащ. ФилологиемкIэ институтыр етIуанэ хуащI - балл 86,6-рэ, ещанэр математикэ факультетым кьихьащ - балл 86-рэ.

Жюрим хэта Ракитинэ Иринэ кьызэриплъитэмкIэ, фестивальр ильэс кьэс нэхъ гъэщIэгъэн мэхъу, хэтхэм я Іэзагьми хэхъуэурэ макIуэ.

- Нэхъ сигу ирихьаэу, дахэу утыкум итахэу кьыхэсэгъэщну сыхуейт филологиемкIэ институтым, математикэ факультетым, медицинэ колледжым я гупхэр, апхуэдэуи социально-гуманитар факультетым и командэмэ фIыуэ зыкьингъэльэгъуащ. ЩIалэгъуалэм гу зыльъамытэ, я акьыл жаныр здынэмыс щыIэкьым, жыыуаIэрт я теплъэгъуэхэм, - кьыхигъэщащ Ракитинэм.

Пэж дыдэуи, нобэрей ди псэукIэм щыщу студентхэм зи гугъу ямыщIа кьагъэнауэ ди гугъэкьым. ГушыIэхэм я «лIыхъужьхэ» студент кьызэрыгуэкIэри, я егъэджакIуэхэри, уеблэмэ кьэралгъэунафэщIэхэри. ЩIалэгъуалэм гупльэгъуэ щIакьым телеканалIэм я нэтын цIэрыIуэхэри экономикэ кризисри.

Командэ псоми зыкьэзгъэльэгъуа нэхъ, теплъэгъуэ нэхъ дахэу кьалытэхэри кьыхагъэщащ жюрим хэтхэм. Псалъэм папщIэ, инженер-техникэ факультетым щыщу Цокlыл Аэзэмэт игъэщIа «Гуфlэгъуэ уэрэщIэ», биологиемкIэ факультетым игъэльэгъуэ «Бжьэдыгъуэ кьафэр», математикэ факультетым и «Индиеи я кьафэр», н. кь. ЩхьэхуэУ фестивальым кьыщежьанымкIэ я щIэ кьрагъащ Чэт Ахьмэд, Цокlыл Аэзэмэт, Алчаков Артур, Тураевэ Марь ям, КIуэкIуэ Саидэ, Байчекуевэ Саидэ, Дрогуэ Альберт, Мокаевэ Ленэ сымэ. Апхуэдэуи «Клан Сопрано», «Стимул», «Реликт», «Гангстер ГраУ» гупхэми я утыку итыкIар ягу ирихьащ жюрим. Зэпеуэм кьыхэжанкIа псоми КъБКъУ-м и щIыхь тхылъкIэмрэ сауГъэтхэмрэ ираташ.

Фестивальр гала-концерткIэ зэхуащIыжащ. Ар ирагъэкIуэкIащ зэпеуэм зэхъыбIуу кьыщальэтахэм ящыщу Дэхъу Анзор, Тхьэщыгуфэ Миланэ, Алибэч Юрэ, Гузеевэ Мадинэ сымэ.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

● Щэнхабзэ

Гъатхэ пшыхь

Налшык кьалэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм и жэрдэмкIэ кьызэрагъэпэща гъатхэпежьэ пшыхь. «ГъащIэм, нэпсри льагъуныгъэри» зыфIащар иджыблагъэ щекIуэкIащ Щэнхабзэмкlэ фондым. Абы кърихьэлIат классикэ макъамэм дихьэхэр.

КъБКъУм и инженер-техникэ факультетым и библиотекэм и унафэщIу щытыкъ, куэд хуэзфIэкIащ Риммэ. Библиотекэр кьызэгъэнэсащэм ящыщщ ар, абы и лэжьакIуэхэм щапхъэ зыграхьу сытым дежи япэ итащ. И лэжьыгъэр фIыуэ зэрильагъуэм, абы папщIэ и гуащIэ зэреумылэжьым кьыщыкIуэу, Риммэ зэхущыкI зиIэ, гущIэгъу зыхэлъ цIыхущ, щIэгъэкъуэн нэс сытым дежи кьыпхуэхъуну, зыхъэрыщ. Ар цIыху зэпIэрыщ, зыхэтхэм пщIэ зыхуэрегъэщIыф, езым и гупльэтэри яльегъэс. ЩIэныгъэ зиIэ, зи Іэщ Іагъэм хуэIэижь, гъащIэри цIыхуэхэри фIыуэ зыльыдыну Риммэ и хьэл-щэн дахэмрэ и гуп хэтыкIэ икIымрэ дэ сытым дежи щапхъэ зэрытетхыным яужь дитащ.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, гуащIэмрэ цIыху гу щабагъэмрэ зэри гулыытэнщэу кьанэркьым. Абы и щыхьэтщI библиотекэм и методикэ советым и зи чэзу зэIущIэм Кьультырбейр зэрыщагъэльэпIар. Илъэс куэдкIэ гуащIафIэу зэрыльэкьам папщIэ, ЩхьэкIуэм и ректорым рэ профкомымрэ кьаБгъэдэкI ЩIыхь тхылъыр библиотекэм и унафэщI УнащIэ Розэ абы иритащ. Кьыдэлажьэхэми студентхэми псалъэ гуапэ куэд Риммэ хужаIащ.

Зи лэжьыгъэм хуэIэижь

Сэ фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейщ Кьультырбейр Риммэ, университетым и библиотекэм зегъэужьыным, абы и лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэм, и Іуэху бгъэльэльэкIэ дахэр щапхъэ зыхуэхьуа лэжьакIуэхэр зэригъэсам папщIэ. Ар дэ сытым дежи ди щIэгъэкъуэнщ, ди ныбжьыгъуфIщ.

Цыху куэд дыдэ щылажьа ди Іуэхущапlэм гулыытэ хэха щыхуащI Риммэ и ущиекъэм, и псалъэ гуапэм. Ар зыхэтым кьахоуи и гупсысэ куумкIэ, щIэ гуэр кьыщIэным зэрыхущIэкъумкIэ, зэрынабдзэгубдзапIэмкIэ, зэрызэщIэкъуамкIэ. Риммэ текуауэ куэд дыдэр пхуэнынущ, абы щыгъуэми фIы защIэу. Аущ абы и щытыкIэ псори кIэщIу бгъэнэIуэну ухуежьэмэ, сэ сызэрепльымкIэ, пхуэныжьнур мащIэу. Ар зыхэтщIэ цIыху кьабзэщ, лэжьакIуэ емызэшыжьу.

УНАЩIЭ Розэ,
КъБКъУ-м и библиотекэм и унафэщI.

И зэманри и кьаруи еблэжьынукъым

Кьультырбейр Риммэрэ сэрэ зы кьудамэм дыщызэдэлэжьащ илъэс 20-м щIигъукIэ. ЩыIэ тхэлъу, кьыдбгъэдыхьэ цIыхуэхэм ящIэу депсэнэфу абы дицIыхьэщ. Езыр апхуэдизкIэ цIыхуфIщ, гулъытэ зиIэщ, зи Іэщ Іагъэм фIыуэ хэзыщIыкIщ, умыгъэщIэгъэн пльэкIыркъым. Гущ Іэгъу хэльщи, сыт хуэдэ Іуэхукlи зыкъыпщIигъэкъуэнущ, и зэманри я кьарур еблэжьынкьым. А псом кьадэкIуэ, анэ гумащIэщ, щхьэгъусэ гуапэщ, ныбжьэгъу пэжщ. Риммэ ди гупыр зыгъэдахэ щIыху кьаблэщ икIи егъэлеяуэ кьыдохьэльэкI и лэжьыгъэр кьигъэнауэ зигъэпсэхуну зэрытIысыжьыр. Дэри студентхэми фIыуэ кьызэрытхуащытам кьыхэкIыу, ди гуапэу Риммэ дохьэуэкIу узынщагъэ быдэ иIэну, и инагъым гуфIэгъуэ куэд кьихъэуну.

КъБКъУ-м и инженер-техникэ факультетым и библиотекэм и унафэщI.

Цыху зэпIэзэрыт

Сэ зэи зэхэсхакъым Риммэ псалъэ жагъуэ ядыкьжьдэкIуэ. Зыпэрыкъэ сыт хуэдэ Іуэхуми ар хуэIэижьщ, и гупсысэкIэкIи дуней тетыкIэкIи зэпIэзэрыщ. УзыIэпызышэ кьару лъэщ гуэр хэльщ, гу щабагъкIэ адрейхэм кьащхьэщокI. �щIэныгъэ библиотекэм зи гъащIэр езыта Риммэ куэдым куууэ хэзыщIыкI псэльэгъу гъэщIэгъуэнщ.

Библиотекэм япэу сыкьыщыщIыхьа махуэм щIэхьажьэу, сэ Риммэ и псэ хъэлэгарыр, и гуапагъэр, щIэкIи зыкьыщIигъэкъуэну зэрыхъэзырыр згъэунэхуащ.

ЧАПАЕВЭ Майнэ,
КъБКъУ-м и библиотекэм и тхылъ еджапIэ пэш №1-м и унафэщI.

● Нобэ Библиотекэхэм я урысейпсо махуэщ

Апхуэдэщ щапхъэ зытрах Къультырбейр

КъБКъУ-м и библиотекэм и унафэщI УнащIэ Розэ ЩIыхь тхылъ Къультырбейр Риммэ ирет.

КъБКъУм и инженер-техникэ факультетым и библиотекэм и унафэщIу щытыкъ, куэд хуэзфIэкIащ Риммэ. Библиотекэр кьызэгъэнэсащэм ящыщщ ар, абы и лэжьакIуэхэм щапхъэ зытрахьу сытым дежи япэ итащ. И лэжьыгъэр фIыуэ зэрильагъуэм, абы папщIэ и гуащIэ зэреумылэжьым кьыщыкIуэу, Риммэ зэхущыкI зиIэ, гущIэгъу зыхэлъ цIыхущ, щIэгъэкъуэн нэс сытым дежи кьыпхуэхъуну, зыхэрыщ. Ар цIыху зэпIэрыщ, зыхэтхэм пщIэ зыхуэрегъэщIыф, езым и гупльэтэри яльегъэс. ЩIэныгъэ зиIэ, зи Іэщ Іагъэм хуэIэижь, гъащIэри цIыхуэхэри фIыуэ зыльыдыну Риммэ и хьэл-щэн дахэмрэ и гуп хэтыкIэ икIымрэ дэ сытым дежи щапхъэ зэрытетхыным яужь дитащ.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, гуащIэмрэ цIыху гу щабагъэмрэ зэри гулыытэнщэу кьанэркьым. Абы и щыхьэтщI библиотекэм и методикэ советым и зи чэзу зэIущIэм Кьультырбейр зэрыщагъэльэпIар. Илъэс куэдкIэ гуащIафIэу зэрыльэкьам папщIэ, ЩхьэкIуэм и ректорым рэ профкомымрэ кьаБгъэдэкI ЩIыхь тхылъыр библиотекэм и унафэщI УнащIэ Розэ абы иритащ. Кьыдэлажьэхэми студентхэми псалъэ гуапэ куэд Риммэ хужаIащ.

КъБКъУ-м и инженер-техникэ факультетым и библиотекэм и унафэщI.

Цыху зэпIэзэрыт

Сэ зэи зэхэсхакъым Риммэ псалъэ жагъуэ ядыкьжьдэкIуэ. Зыпэрыкъэ сыт хуэдэ Іуэхуми ар хуэIэижьщ, и гупсысэкIэкIи дуней тетыкIэкIи зэпIэзэрыщ. Узыпызышэ кьару лъэщ гуэр хэльщ, гу щабагъкIэ адрейхэм кьащхьэщокI. ЩIэныгъэ библиотекэм зи гъащIэр езыта Риммэ куэдым куууэ хэзыщIыкI псэльэгъу гъэщIэгъуэнщ.

Библиотекэм япэу сыкьыщыщIыхьа махуэм щIэхьажьэу, сэ Риммэ и псэ хъэлэгарыр, и гуапагъэр, щIэкIи зыкьыщIигъэкъуэну зэрыхъэзырыр згъэунэхуащ.

ЧАПАЕВЭ Майнэ,
КъБКъУ-м и библиотекэм и тхылъ еджапIэ пэш №1-м и унафэщI.

ПIэжьэгъум деж

Псалъэм и дэхэнэ зы Іыхьэми цIыхур зэхъуэкIыныгъэ гуэркIэ щогугъ. Апхуэдэщ Къультырбейр Риммэ мы гъэм зигъэпсэкуну тIысыжьын мурад зэриIар.

Дэтхэнэ зы цIыхуми и гуапэщ езым теухуа псалъэ дахэ зэхихыну икIи гъащIэм фIы гуэркIэ щогугъ. Апхуэдэщ Къультырбейр Риммэ мы гъэм зигъэпсэкуну тIысыжьын мурад зэриIар.

Дэтхэнэ зы цIыхуми и гуапэщ езым теухуа псалъэ дахэ зэхихыну икIи гъащIэм фIы гуэркIэ щогугъ. Мис апхуэдэу Риммэ и Іэ хуэзгъэсапIэкэр къехъулIэну, ди лэжьэгъуфIым гуфIэр и нэгум имыкIыжу, и Іыхьлыхэм, и ныбжьэгъухэм фIыуэ кьаблъагъу, фIыкIэ ягу кьэкIыну псэуну сыхуохьуахьуэ.

КIЭШ Заремэ,
учебнэ абонементым и унафэщI.

МЫПХУЭДЭ псалъэхэм гушхуэныгъэ кьыпхамылъхьэнкIэ, уи щхьэр лъагэу уамыгъэльагъуэжьынкIэ Іэмал иIэкьым. Уеблэмэ Риммэ и гъэсэну зыкьэзыIыпытэж сэ, дамэ кьыстекIам хуэдэу сагъэгурIаащ абыхэм.

Риммэ фIыщIэшхуэ яхуищIащ университетым и унафэщIхэми библиотекэм и лэжьакIуэхэми кьыхуащIа гупльэтэ ямым папщIэ. Кьыхигъэщащ зыхэта гупым, гуфIэгъуэрэ хуабгъэрэ кьызыбгъэдэкIым, дэлэжьэну кьызэрыкIуэнур насыпу кьызэрильытэгъуэ.

ЦIыхум и пщIэр зыхуэдизыжам, лъэужь дахэ кьыпхэнэну зэрыхуущIэкъуам елъытащ жысIэмэ, хэти арэзы кьыздэхъуну си гугъэщ. ГъащIэм а и хабзэкъэ зэрытетынырщ Къультырбейр Риммэ сытым дежи зыхуащIэкъуэр.

ТхыгъэР зыгъэхьэзырар КъБКъУ-м и библиотекэм щIэнхабзэ-техникэ информацэмкIэ и къудамэм и унафэщI

БОРЭН Мадинэщ.

● Щартхэр

Сосрыкъуэрэ Тхъуэжьейр.
Сурэтыр Биюк Зия *ищIащ (Истамбыл кьалэ)*

Къэбэрдей-Балъкъэрым щымэхъыкIуэ жаIэ... Адыгэ псалъэ

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ и КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Жылаес Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудзэз), Жьэкlымыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ),Гъучlо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжьк Танэс, Хьэжыкьарэ Алик.

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Ленинымрэ и щэкIэ щыIэ уэрам, 5, еБгъуанэ - епщIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхуитlапlэхэм я щIэныгъэмкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымкIэмэ - 42-22-88; еГъажьнигъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхуитlапlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, щыщIэта Іуэхугъуэхэм я пжагъымкIэ ахэр зытхахэм ирэу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцмрэ и Іуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыт щыгъкым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр я пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щиныжькIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ягъуаи.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кь